ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№93 (24.531) • 2023 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 5, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# Мэжджытыщ1эм и лъабжьэр ягъэтIылъ

**Налшык и «КъуэкIыпIэ» хьэблэм шыщхьэуIум и 4-м щагъэтIылъащ Пщыхьэщ1э Iэнэс-хьэжы и цIэр зрихьэу яухуэну Мэжджытышхуэм и япэ мывэр, къэкIуэну щIэблэм хуагъэхь тхыгъэр зэрылъ капсулэр и гъусэу.**

**Дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэн Iуэхущ1апIэм и унафэщI, муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий, гъунэгъу республикэхэм къикIа хьэщIэхэр, архитекторхэр, къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, Iуэхум зи гуащIэ хэзылъхьа хьэрычэтыщIэхэмрэ цIыхубэм и лIыкIуэхэмрэ.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуиха нэужь, **Дзасэжь Хьэзрэталий** къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ мэжджытыр яухуэн унафэр КъБР-м щекIуэкIа Муслъымэнхэм я VII съездым къыщащтауэ зэрыщытар. «Илъэс куэдкIэ ар зэдгъэхъулIа зэрыхъуну щIыкIэм дегупсысурэ, Алыхьым и фIыщIэкIэ нобэ ди нэгу щIэкI Iуэхум дыхуэкIуащ», - жиIащ муфтиймрэ.

КъурIэн лъапIэм и псалъэхэмкIэ зэIущIэм пищащ Налшык къалэ мэжджытышхуэм и IимамхьатIиб, Iэбу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и егъэджакIуэ **Сэбаншы Мухьэдин**.

И псалъэм адэкIэ пызыща Дзасэжь Хьэзрэталий республикэм щыпсэухэм ехъуэхъуащ мэжджытыщIэ яухуэн насыпыр Алыхьталэм къазэрыригъэхъулIамкIэ. Ар зэрыпсапэм щыхьэт техъуэ хьэдисхэри ягу къигъэкIыжащ. «Алыхьталэм папщIэ мэжджыт зыухуам жэнэтым унэ щыхуищIынущ», - жеIэ хьэдисым. Нэгъуэщ1 зыми къыщокIуэ: «Мэз джэдыр зыщIэхуэн абгъуэ хуэдиз фIэкIа мыхъуми, мэжджыт зыухуам Алыхьталэм жэнэтым унэ щыхуищIынущ», - яжриIащ муфтийм къызэхуэсахэм.

Мэжджытыр яухуэн унафэр къызэращтар куэдкIэ зи фIыгъэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекщ, муфтийм зэрыжиIэмкIэ. Ар иджыри 1994 гъэм яухуэну мурад ящIри, ирахьэлIэн мылъку къахуэмыгъуэту къэнэжауэ щытащ. «Мыр дэ тхуэзэфIэкIынущ», - жиIэри, Iуэху мыублэр и пIэ иригъэкIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Муслъымэн сэламкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**. «Бисмиллахьи Ррэхьмани Ррэхьим. ПщIэ зыхуэсщI си къуэшхэ, си шыпхъухэ! Ди нэхъыжьхэ! Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэн псом я дежкIэ Iуэху лъапIэу щыт дауэдапщэм дыкърихьэлIащ. Пщыхьэщ1э Iэнэс-хьэжы и цIэр зезыхьэну мэжджытышхуэ республикэм щыдухуэну ди мурадщи, Алыхьым и псэр щигъэгуфIыкI. Мэжджыт ухуэныр игъащIэ лъандэм жылэр езыгъэфIакIуэ псапэу къокIуэкI. Хьэзрэталии зэрыжиIащи, мы унафэр пасэу къащтауэ щытащ. Ауэ цIыху щIэхуэнум я бжыгъэр нэхъыбэ тщIын, щIыпIэу хухэтхыным, текIуэдэну мылъкум дегупсысурэ, нобэм дыкъэсащ. Шэч къытесхьэркъым ар ди республикэми Урысейуэ ди Хэкушхуэми сэбэп зэрыхуэхъунум. Нобэ ди къэралыр щытыкIэ гугъу зэритым тепщIыхьмэ, апхуэдэ зэкъуэтыныгъэм дэ хуабжьу дыхуэныкъуэщ, ар зэрыдиIэми шэч хэлъкъым. Мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ ин дыдэу итыну мэжджытыр «КъуэкIыпIэ» хьэблэщIэм зэрыхиубыдэр. ТыншыпIэрэ псэупIэрэ, лэжьапIэрэ зыгъэпсэхупIэрэ а хьэблэм щагъуэтынущ цIыху мин 50-м щIигъум, ар зы къалэ цIыкIу хуэдиз мэхъу. Нобэ зи лъабжьэ дгъэтIылъ мэжджытри абы хуэгъэза лъэбакъуэщ. Зыужьыныгъэм, дахагъэм, нэгъэсаигъэм и дамыгъэ хъунущ а мэжджытыр. ЦIыхухэм зыузэщIыпIэ, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыпIэ яхуэхъунущ. Ислъам диным игъэлъапIэ тегъэщIапIэхэм къыщыхураджэрэ, фIыгъуэмрэ мамырыгъэмрэ щыхуаунэтIу, гупсэхугъуэмрэ зэгурыIуэмрэ, гумащIагъымрэ гулъытэмрэ яхипщэу. Ижь-ижьыж лъандэрэ къекIуэкI а тегъэщIапIэ лъапIэхэрщ Пщыхьэщ1э Iэнэс-хьэжы и гъащIэр щIитар. Ди жылагъуэм фIэщхъуныгъэм и къабзагъэр лъэIэсын, къыдэкIуэтей щIэблэр щIэныгъэншагъэмрэ дин пхэнжымрэ щыхъума хъуным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ абы. Диныр зытет лъабжьэхэр зэманым и шыбзэм щIэкIащ. Ахэр игъащIэ лъандэми нобэми къыддоIэпыкъу гугъуехьым дыпимыкIуэтын, фIым дыщыгугъын, псапэ тщIэн щхьэкIэ. Дэ фIыщIэшхуэ худощI уасэшхуи худогъэув республикэм и муслъымэн Iумэтым, цIыхубэм и зэхуаку зэгурыIуэрэ мамырыгъэрэ дэлъыным хуищI хэлъхьэныгъэм папщIэ», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Псалъэ купщIафIэкIэ къызэхуэсахэм закъыхуигъэзащ Кавказ Ищхъэрэм ис Муслъымэнхэм я зэзыгъэуIу советым и унафэщI, КъШР-м и муфтий **Бердиев Исмэхьил-хьэжы**. КIуэкIуэ Валерэ и гъусэу Индонезием зэрыщыIар игу къигъэкIыжкIэрэ, Бердиевыр КIуэкIуэхэ я унагъуэм псапэ куэд зэращIэм тепсэлъыхьащ. Мы Iуэху дахэри зи фIыгъэр республикэм и Iэтащхьэр зэрыарар къыхигъэщащ.

Сыт щыгъуи хуэдэу гунэст Осетие Ищхъэрэ - Аланием и муфтий **Гацалов Хьэжмурат** и псалъэхэри: «ДыкъыщIызэхуэсам и щхьэусыгъуэм къытезмыгъазэу, махуэ къэс демыгупсысу къэтпсэлъ «псэкупсэ» псалъэм и гугъу сщIынт, - жиIащ Гацаловым. - «Псэ» псалъэращ абы и лъабжьэр. ЦIыхупсэм зиузэщIын зэрыхуейрщ и мыхьэнэр. Мэжджытырщ цIыхур цIыху хъун зэрыхуейр къыщыбгурагъаIуэр. Абы хуэдэу гъэсэныгъэ щыхалъхьэ щIыпIи щыIэкъыми, КъБР-м щыпсэухэм а ехъулIэныгъэмкIэ сынывохъуэхъу, мэжджытыр яухауэ Алыхьым дигъэлъагъу».

Хъуэхъу псалъэкIэ къызэхуэсахэм зыкъыхуагъэзащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и дэIэпыкъуэгъу **Валиев Айдемыр**, Адыгейм и муфтий **Къардэн Аскэрбий** сымэ, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа дин лэжьакIуэхэм.

Дзасэжь Хьэзрэталий псоми зэхахыу къеджащ унафэр къыщащта 1994 гъэм КъБР-м и унафэр зыIэщIэлъа КIуэкIуэ Валерэ и IэщIэдзыр зыщIэлъ тхыгъэм. Апхуэдэу илъэс бжыгъэ ипэкIэ ящIа мурад дахэм иджы гъуэгу зэригъуэтар Алыхьталэм и фIыгъуэу зэрыщытым и гугъу ящIкIэрэ, дауэдапщэр зэхуащIыжащ. Мухьэрэм мазэ лъапIэм, мэрем махуэ лъапIэм апхуэдэ Iуэху щхьэпэ щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, ифI Тхьэм псоми ялъигъэIэс!

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Псэкупсэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIам, узэщIакIуэ Iуэхугъуэхэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ дамыгъэ лъапIэхэр етын:

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр**

**Бердиев Исмэхьил Алий и къуэм** - Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Муслъымэн IуэхущIапIэм и унафэщIым, Кавказ Ищхъэрэм ис муслъымэнхэм я ЗэщIэзыгъэуIуэ центрым и тхьэмадэм;

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр**

**Абдулаев Ахьмэд Магомед и къуэм** - Дагъыстэн Республикэм и муфтийм

**Гацалов Хьэжмурат Хьэрум и къуэм** - Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и Советым и тхьэмадэм

**Каралаев Солтанахмед Гаджий и къуэм** - Къалмыкъ Республикэм и Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэм

**Къардэн Аскэрбий Хьэжбий и къуэм** - Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ я Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэм

**Межиев Сэлахь Митай и къуэм** - Шэшэн Республикэм и Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэм

**Рахимов Мухьэммэд Загит и къуэм** - Ставрополь крайм и муфтийм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм шыщхьэуIум и 4-м*
*№75-УГ*

**2023 гъэм «Урысейм гъэм и егъэджакIуэ», «Урысейм гъэм и гъэсакIуэ», «Илъэсым и мастер» урысейпсо зэпеуэхэм я щIыналъэ Iыхьэхэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

2023 гъэм «Урысейм гъэм и егъэджакIуэ», «Урысейм гъэм и гъэсакIуэ», «Илъэсым и мастер» урысейпсо зэпеуэхэм я щIыналъэ Iыхьэхэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр етын:

**«Урысейм гъэм и егъэджакIуэ» урысейпсо зэпеуэм и ещанэ Iыхьэм щытекIуа**

**Суйдюмов Эльдар Руслан и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм творчествэмкIэ и «Дыгъэпс къалэ» сабий академие» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм сабий акъылыфIэхэм хухаха и лицейм физикэмкIэ щезыгъаджэм,

**«Урысейм гъэм и егъэджакIуэ» урысейпсо зэпеуэм и ещанэ Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэу**

**Кочетов Олег Виктор и къуэм** - Налшык къалэ округым «Дерс щхьэхуэхэр кууэ щрагъэдж курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №9» муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм информатикэмрэ информацэ-коммуникацэ технологиехэмкIэ щезыгъаджэм

**Щауэ Азэмэт Руслан и къуэм** - Бахъсэн муниципальнэ районым хыхьэ Кыщпэк къуажэм «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ» и муниципальнэ IуэхущIапIэм тхыдэмрэ обществознаниемкIэ щезыгъаджэм;

**«Урысейм гъэм и гъэсакIуэ» урысейпсо IэщIагъэ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуа**

**Шэшэн Рузаннэ Резуан и пхъум** - Налшык къалэ округым и «Сабий сад №37» зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щрагъаджэ и муниципальнэ IуэхущIапIэм и гъэсакIуэм,

**«Урысейм гъэм и гъэсакIуэ» урысейпсо IэщIагъэ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэу**

**Беслъэней Севиль Надир и пхъум** - Бахъсэн къалэм «Лермонтов М. Ю. и цIэр зезыхьэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №6» муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щаIыгъ и къудамэм и гъэсакIуэм,

**Ефимкинэ Ларисэ Геннадий и пхъум** - Аруан муниципальнэ районым и Нарткъалэ къалэм «Сабий сад №1» муниципальнэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щрагъаджэ и муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и гъэсакIуэм;

**«Илъэсым и мастер» урысейпсо зэпеуэм и II Iыхьэм (щIыналъэ) щытекIуа**

**Панжокъуэ Лянэ Артур и пхъум** - «Призвание» медицинэ колледж» IэщIагъэ щрагъэгъуэт икIи щрагъаджэ IуэхущIапIэм дерс хэхамкIэ щезыгъаджэм,

**«Илъэсым и мастер» урысейпсо зэпеуэм и II Iыхьэм (щIыналъэ) пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэу**

**Балэ Елдар Алишер и къуэм** -«Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гъуэгу колледж» IэщIагъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм щезыгъаджэм

**Жанакуевэ Альбинэ Арсен и пхъум** - «Къэбэрдей-Балъкъэр сату-технологие колледж» IэщIагъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм дерс хэхахэмкIэ щезыгъаджэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм шыщхьэуIум и 3-м*
*№74-УГ*

ЕГЪУЭЖ Мадинэ:

# «ИкъукIэ гугъущ ущылэжьэну, апхуэдэуи телъыджэщ икIи хьэлэмэтщ»

**Сабийм уахэтыну икъукIэ гугъущ икIи ауэ къызэрымыкIуэу гухэхъуэщ. Абыхэм нэхърэ нэхъ къыпхуэмыгъэпцIэнрэ къыпхудэмыхьэхынрэ щыIэкъым псэкIэ уабгъэдэмытмэ, фIыуэ зэрыплъагъур зыхамыщIэмэ. Ауэ сабийм уадэлэжьэныр къыбдалъхуамэ, Iуэхур нэгъуэщIщ: гухэхъуэгъуэ ин къыппкърыкIыу улэжьэнущ, нэгъуэщI зыгуэркIи уи IэнатIэр пхуэхъуэжынукъым. Ар хьэкъ пщещI нобэ зи гугъу фхуэтщIыну бзылъхугъэм, Налшык и «Золушка» сабий сад №49-м илъэс 26-рэ хъуауэ гъэсакIуэу щыIэ Егъуэж Мадинэ.**





ПСЫНАБЭ къуажэм къыщалъхуа хъыджэбз цIыкIум пасэу къыгурыIуат сабийхэм зэрадэлэжьэнур. ЦIыкIухэр игъэхъужу дохутыр хъуну и нэ къикIми, щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхэкIыу ар медицинэ факультетым щIэтIысхьакъым. Курыт еджапIэр къыщиуха 1985 гъэм КъБКъУ-м къыщызэIуаха МПНО (пэщIэдзэ щIэныгъэм и педагогикэмрэ методикэмкIэ къудамэ) факультетращ къыхихар, сабийхэм я Iэпкълъэпкъым емыIэзэми я псэм и «дохутыр» хъуну хуейуэ. Еджэну зыфIэгъэщIэгъуэн, нэхъуеиншэу щIэныгъэ зэзыгъэгъуэт Мадинэ унагъуэ зэрихьам, сабий зэригъуэтам къыхэкIыу пIалъэкIэ зэпигъэун хуей хъуащ еджэныр, къыщиухари 1992 гъэращ. ПэщIэдзэ классхэр иригъэджэну и IэщIагъэр арами, школхэм лэжьыгъэ IэнатIэ къыщигъуэтакъым. Апхуэдэу щыхъум, и щIалэ цIыкIуитIым я гъусэу сабий садым езыри кIуащ. Зэи имыхъуэжауэ нобэр къыздэсми щолажьэ Мадинэ сабий сад №49-м.

- Си гъащIэ гъуэгуанэм сащрихьэлIащ хуабжьу сызыхуэарэзы лэжьэгъухэм, цIыхухэм, - жеIэ Мадинэ. - Апхуэдэу гуапэу си гум къинащ садым и унафэщIу щыта Джэрыджэ Светланэ. Абы хуэдэу цIыхур къызыгурыIуэ уигъэлъыхъуэнт, IуэхущIапIэр цIыкIукъым, атIэ мис абы щылажьэ дэтхэнэми и Iуэху зыIурт ищIэрт, хэт дэIэпыкъуэгъу, чэнджэщ хуэныкъуэми щыгъуазэт. ЖыпIэнурамэ, нэгъэсауэ къызэгъэпэщакIуэт, цIыху нэст, ани шыпхъуи тхуэхъурт. Методисту щыта Пщымырзэ Зулимэ хуэдэ IэщIагъэлI щыIэххэтэкъым. Къэзгъэсэбэп хъуну литературэр къызжиIэрт, сыгъэIущырт, ди IэнатIэм щапхъэ щыпхуэхъун цIыхухэм я гугъу къысхуищIырт. Зи Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI нэхъыжьыфIхэр-щэ?! Абыхэм я фIыгъэщ гъэсакIуэ IэщIагъэм сызэрыдихьэхар, апхуэдиз илъэскIэ сабий садым сыщылэжьэну си мыгугъэххауэ. Сылэжьащ, си щIэныгъэм, зэфIэкIым хэзгъахъуэурэ, апхуэдизкIэ сесащи, иджы ар зэрысхъуэжын щыIэкъым.

Сабий гъэсакIуэ щыхъуам Егъуэжым зы къалэнт зыхуигъэувыжар: зыгуэр зэриуасэр я фIэщ (псом япэ - езым) щIынырт.

- Студентхэр практикэ, итIанэ лэжьэну къэкIуа иужь, яхуэхьыркъым, IуокIыжыр. Сабийхэр фIыуэ умылъагъумэ, садми школми умыкIуэ. Си жагъуэ зэрыхъунщи, сэ школ сыщылэжьакъым, ауэ сабий садым щхьэкIэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъу схужыIэнущ - икъукIэ гугъущ, апхуэдэуи телъыджэщ икIи хьэлэмэтщ, - къыхегъэщ Мадинэ.

«Узэрылажьэ пIалъэм къриубыдэу сабийхэм захъуэжауэ къыпщыхъурэ, Мадинэ хьэмэрэ сабийхэщи сабий?» жысIэу си псэлъэгъум сыщеупщIкIэ, хогупсысыхь.

- Iейуэ захъуэжауэ схужыIэнукъым, пэжщ, сабийхэр сытым дежи сабийщ. Ауэ гъащIэм щIэуэ къыхыхьэхэм елъытауэ я хьэлщэн гуэрхэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтагъэнкIи мэхъу, ауэ адэанэм ягу иримыхь хэлъмэ, яхузэмыгъэззэхуэжын хэткъым. ЗыщIашэр адэ-анэм я Iуэху зехьэкIэрщ, я хьэлырщ жыхуэсIэщ. Ауэ мис а цIыкIухэр къэзылъхуахэм захъуэжащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, фIы и лъэныкъуэкIэкъым. ТIэкIу нэхъыжьхэр я сабийм теухуауэ къочэнджэщу, я гъэсэныгъэм ехьэлIауэ садым щылажьэхэм къыддэIэпыкъуу щытамэ, иджыпстурей анэ щIалэхэр хабзэм хуэхейщ. «Ар фи лэжьыгъэщ, фэращ ар зыщIэну зи пщэ къыдэхуэр» псэлъэкIэм хуэдэщ абыхэм яIэр...

Гупсысэ зиIэ, щIэблэм, лъэпкъым и къэкIуэнум игъэгузавэ дэтхэнэ зы цIыху балигъри тогузэвыхь гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм. Абы и лъэныкъуэкIэ и Iуэху еплъыкIэр къасщIэмэ сфIэфIу Мадинэ сыщеупщIым:

- Япэрауэ, совет егъэджэныгъэ Iэмалым къезгъэгъэззэжынт, - къызжиIащ. – Сэ абы сыхапIыкIащ, сощIэ зищIысыр, нэхъыфI уигъэлъыхъуэну апхуэдэт ар. Сабийхэм, Iэмал имыIэу, Хэку фIылъагъуныгъэр яхэпщэжын хуейщ. КъаIэтыж а Iуэхур, школхэм дерс щхьэхуэуи хагъэхьэж. ЗэрыжаIэу, Iей мыхъу фIы хъужыркъым, щIэблитI ягъэунэхъури иджы къагурыIуащ укъыщалъхуа щIыналъэр фIыуэ умылъагъумэ зыри зэрыпхузэфIэмыкIынур. Хабзэ, нэмыс жыхуэтIэу псалъэ къудейуэ къэнахэри егъэщIэн хуейщ щIэблэм. Узыхуейр пщIэуэ, уфIэмыкъабылыр хьэIупс пщIыуэ щытмэ сыт къэхъунур?! Пасэу тхылъ гуэр сыкъеджауэ щытащ жылагъуэ ухуэкIэм теухуауэ. Абы къыхэсха гупсысэм нобэми сиутIыпщыркъым. ЦIыхур дэнэ щыпсэуми, сыт ищIэми лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэм ириплъэж зэпыту щымытмэ, нэхъыжьхэм я IуэхущIафэр я гъуазэу къэмыгъуэгурыкIуэмэ, фIы куэдым хэкIыжынущ. ГъащIэм щыгъуазэ цIыхум нэхъыбэ къыбжиIэфынущ, ар къигъэсэбэпмэ щIэблэр нэхъ губзыгъэ хъунуращ. Зыми щIэ къигупсысыну аракъым, нэхъыжьхэм къытхуагъэнар тхуэхъумэрэ ар едгъэфIэкIуэфмэ, ди насыпу аркъудейщ.

Зыщыщ унагъуэм е сабий садым а цIыкIухэм зэрызрагъэкIум ехьэлIауэ Мадинэ иIэ Iуэху еплъыкIэри гъэщIэгъуэнщ. Гуапагъэри тхIиягъри зэгъусэу щытын хуейщ, гъэсэныгъэ нэсым и гугъу щыпщIкIэ. «Сэ сщIэращи, лъагъуныгъэр зэи куэд хъуркъым. ГукIи псэкIи фIыуэ плъагъурэщ цIыху къызыхэкIыр, и къарур и фIэщ хъужу зэпIэзэрыт зыщIыр. Лъагъуныгъэмрэ еубзэмрэ зэхэзыгъэзэрыхь адэанэ щыIэщ, лъагъуныгъэр ущыщытхъун хуейм деж ущытхъуу, и щыуагъэр ебгъэлъагъужынуи къыщыпщымыгъупщэм и дежщ. ФIымрэ Iеймрэ, дахэмрэ бзаджэмрэ къыгурыбогъаIуэ, апхуэдэу щIыщытыр жыбоIэ, гъуэгу захуэр ибогъэлъагъу...»

Зэрылэжьа илъэс бжыгъэр пенсэм тIысыжын папщIэ ирикъуным куэд къэнакъым Мадинэ. Абы щегупсыскIэ, сабийхэм пэIэщIэ хъуну зэрыхуэмейр ибзыщIыркъым. ИщIэн-илэжьын имыIэу аракъым, школым кIуэну сабий цIыкIухэр абы хуегъэхьэзыр, Iэбжьанэ игъэдахэу зигъэсауэ а IэщIагъэри иIэщ, цы зэIуещэ, щыгъыныгъуэхэр, зэрыджэгу хьэпшып цIыкIухэр къыхещIыкI, сурэт ещI. Дэтхэнэри урикъунущ умызэшынымкIэ, атIэми сабий садым, и гъэсэн цIыкIухэм пэIэщIэ мыхъумэ нэхъ къэщтэ.

Iуэху зэмылIэужьыгъуэ куэдым яужь ихьащи, дэтхэнэри мыIейуэ къохъулIэ Мадинэ. Ауэ сыт имыщIами сабий сад лэжьыгъэм къиутIыпщыркъым. Апхуэдэхэращ, шэч хэмылъу, зи IэщIагъэм къыхуигъэщIа жыхуаIэр.

Унагъуэ дахэ иIэщ Мадинэ. И щхьэгъусэ Егъуэж Анзор Налшык и курыт еджапIэ №31-м и унафэщIщ. И щIалитIми щIэныгъэ нэхъыщхьэ, лэжьыгъэ IэнатIэ яIэщ. Дэтхэнэми и насып илъагъуну, и нэ къызыхуикI псоми Мадинэ и Iэ техуэну ди гуапэщ.

**ИСТЭПАН Залинэ**.

# Ди сабий джэгупIэхэр

**Налшык къалэ хуэдэу сабий джэгупIэ зэпэщ куэд здэщыIэ къэгъуэтыгъуейщ. Иужьрей зэманым абыхэм я щытыкIэр нэхъри ирагъэфIакIуэ.**

ИЛЪЭСИТI зэкIэлъыкIуэм къриубыдэу фэтэр куэду зэхэт унэхэм я бжэIупэхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ яубла лэжьыгъэхэм хиубыдащ сабий джэгупIэхэри. Абыхэм ягъуэта сэкъатхэм къищынэмыщIауэ, зэманым къемызэгъыжхэри яхэтт. Иджы пщIантIэхэм щыплъагъунущ нобэрей сабийхэм я джэгукIэхэм тещIыхьа, я Iэпкълъэпкъхэм зезыгъэужь къежэхыпIэхэр, дэкIуеипIэхэр, я ныбжьым тещIыхьауэ гуэша турникхэр. Языныкъуэ бжэIупэхэм деж щытщ пхъэм къыхэщIыкIа унэ дахэ цIыкIухэр. Абыхэм иджыпсту хуэдэу дунейр щыхуабэм и деж цIыкIухэм зыщагъэпсэху, дыгъэ гуащIэм хэмыхьэу.

Къалэм и зыплъыхьыпIэ щIыпIэхэм я джэгупIэхэр удзыпцIэу е асфальткIэ къищIыкIауэ щытамэ, иджырейхэм губгъуэ IэрыщI щабэхэр иралъхьащ, сабийхэр щылъэпэрапэм деж удын ямыгъуэтын хуэдэу. Пшахъуалъэ къудейхэр хуэщIащ зыри зэран къахуэмыхъуу хуиту икIи шынагъуэншэу ахэр зэрыщыджэгуным. Абыхэм я къэухь нэгъунэ япэхэм хуэдэу бетон гъэжауэ щытыжкъым - пхъэщ е хьэфэхэкIщ, жьэхэуэми зыри имыгъэузын хуэдэу.

Япэхэм щымыIауэ жыг щIагъхэм щыфIащIащ хъыринэ Iэпэхъхэр, мэз псэущхьэхэм, кхъухьхэм, кхъухьлъатэхэм я теплъэхэр зиIэ тетIысхьэпIэ цIыкIухэр. Абыхэм яфIэфIу исщ илъэситI-илъэсищ ныбжьым ит цIыкIухэр. Апхуэдэ щIыпIэхэм зи сабийхэр зышэ адэанэхэм папщIэ тетIысхьэпIэ щхьэхуэхэри ягъэуващ, пшапэ зэхэуэгъуэм щынэсым деж ихъуреягъыр дахащэу къагъэнэху.

**ШЭРЭДЖ Дисэ**.



# Мы махуэхэм

### ШыщхьэуIум и 5, *щэбэт*

♦**Светофорым и дунейпсо махуэщ**

♦**2016 гъэм** Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) къыщызэIуахащ XXXI гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр шыщхьэуIум и 21 пщIондэ екIуэкIащ. Мудрэн Беслъэн дыщэ (дзюдо), Джэду Iэниуар дыжьын (бэнэкIэ хуит) медалхэр къыщахьат абы.

♦**1900 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пащты Салимэ**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Хъаний Мирон**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Алэкъей Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 24-рэ щыхъунущ.

### Шыщхьэуlум и 6, *тхьэмахуэ*

♦**Ядернэ Iэщэр къагъэсэбэпу мыдэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Хиросимэ и дунейпсо махуэщ**

♦**«Дунейм и дохутырхэр мамырыгъэм и телъхьэщ» дунейпсо махуэщ**

♦**1927 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къасым Алий**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыщ тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Челик Уэсмэн (Хьэкъуратэ)**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Хьэрэдурэ Динэ**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ опернэ уэрэджыIакIуэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ **Шэгъудж Маринэ**.

♦**1969 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Пащты Лейлэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 22 - 24-рэ щыхъунущ.

### Шыщхьэуlум и 7, *блыщхьэ*

♦**1646 гъэм** адыгэпщ Черкасский Муцалрэ къэзакъ атаман Пожарский Семёнрэ зауэлI мини 6 зыхэт я дзэр Нурдин-Джэрий и лагерым теуэри, зэтракъутащ.

♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэ щытыкIэ щагъэуващ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 33-рэ, жэщым градус 23 - 25-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Гугъуехь зымышэчар лIым хабжэркъым.**



● Фэеплъ пэкIухэр

# ЛIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэ шуудзэ

**Адыгэр игъащIэми цIэрыIуэщ хэлъ щхьэмыгъазагъымкIэ, лIыгъэмрэ хахуагъэмкIэ. Захуагъэмрэ пэжымрэ я телъхьэ бгырысыр къыщикIуэтарэ къыщыдзыхарэ къэмыхъуами ярейщ. Апхуэдэущ зэрызэуар 115-нэ шуудзэм хэта ди лъэпкъэгъухэри.**

ТХЫДЭ хъумапIэм щIэлъ дэфтэрхэм къызэраIуатэмкIэ, СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и къэрал комитетым 1941 гъэм и щэкIуэгъуэм къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, лъэпкъ щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэщын хуейт дзэ частхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр Дзэ Плъыжьым зауэлIхэр зэрахуримыкъурт, апхуэдэуи Iуэхум халъытащ лъэпкъ щIыналъэхэм ящыщу фронтым ираджэ зауэлI куэдым урысыбзэр зэрамыщIэр, абы къыхэкIыуи нэхъ гугъу хъурт ахэр зэуэным хуэбгъэсэну. А псори и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м, адрей лъэпкъ щIыналъэ куэдми хуэдэу, а лъэхъэнэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ 115-нэ шууей дивизэр. Абы къащтэрт илъэс 35-рэ - 40 нэхърэ нэхъыбэ зи мыныбжь цIыхухъухэр.

Скороход Антон и пашэу 1941 гъэм и дыгъэгъазэм КъБАССР-м къыщызэрагъэпэщауэ щыта а шуудзэр, 51-нэ армэм хэту, 1942 гъэм къыщыщIэдзауэ яхэтащ ди щIыналъэмкIэ къэзыунэтIауэ къебгъэрыкIуэ фашистыдзэм ерыщу япэщIэувa совет зауэлIхэм. Донрэ Индылрэ я зэхуакум дэлъ щIыпIэм щекIуэкI зауэ гуащIэхэм хэту, адыгэ шууейхэм махуэ бжыгъэкIэ бий ерур абдеж щызэтраIыгъащ. Дивизэм и къалэн нэхъыщхьэт ди къэралым и ипщэрабгъу щIыналъэм щыIэ транспорт, промышленность центр нэхъ ин Сталинградрэ щIыдагъэкIэ, нэгъуэщI щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэкIэ къулей Кавказ Ищхъэрэмрэ зыIэрызыгъэхьэну хущIэкъу биййм а и мурад бзаджэр къызэпиудыну. Бгырыс зауэлIхэр къикIуэт ямыщIэу хэтащ Дон Iус Ростов и Iэшэлъашэхэм щыс Большая Мартыновкэ, Малая Мартыновкэ, Ново-Николаевскэ, Цимлянскэ жылэхэм, Пробуждение, Ремонтное къуажэхэм, Ново-Николаевскэ станицэм, Къалмыкъым и Цаган-Нур къуажэм бийр дамыгъэхьэу.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, бгырыс дивизэм хэтахэм я нэхъыбапIэм я щхьэр щагъэтIылъащ Ростов областым хыхьэ Сальск губгъуэмрэ Къалмыкъ щIыналъэмрэ. 1942 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм ирихьэлIэу зырызыххэт шуудзэм хэта зауэлIхэм ящыщу псэууэ къэнар. Абыхэм къахэкIащ 1945 гъэм и гъатхэм Берлин нэсу ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэри. 1942 гъэм и бжьыхьэ кIасэм 115-нэ шууей дивизэм щыщу къэна зауэлIхэр (ахэр зэрыхъужыр дивизэм и Iыхьэ плIанэрат) Сталинград фронтым хагъэхьэжауэ щытащ, адэкIи абы хэту ТекIуэныгъэм щIэзэуащ, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу.

Адыгэ зауэлIхэм къызэрахъумар ноби ящIэж Ростов областым хыхьэ Мартыновскэ районым щыпсэухэм. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, 115-нэ шуудзэм жылэдэсхэр махуибл-жэщиблкIэ щихъумащ фашистыдзэм. Абы щыгъуэ щыIа щытыкIэ тIкийр къэплъытэмэ, ар пIалъэ цIыкIутэкъым. А зэманым къриубыдэу цIыхухэм зэрыхъукIэ зыхуагъэхьэзыращ бийм зэрыпэщIэувэным: сабийхэмрэ цIыхубзхэмрэ нэхъ щIыпIэ жыжьэхэм ирагъэшащ, Iэщыр, джэдкъазыр, жылэм дэлъ нэгъуэщI хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщхэри ящIыгъуу. Бийр къебгъэрыкIуэу щIыналъэм къихьа нэужьи, зауэлIхэм ящыщ дэтхэнэри ерыщу щIэзэуащ Мартыновкэм и уэрамхэм, унэхэм, лъапсэхэм. Куэдым я гъащIэри а зауэ гуащIэхэм халъхьащ.

Бгырысхэм яхэлъа лIыгъэр уахътыншэ ящIын мурадкIэ, а щIыналъэм ноби пщIэ хуащIу щызэрахьэ шуудзэм хэта зауэлIхэр щыщIалъхьа къуэшыкхъэхэр. Большая Мартыновкэ жылэм дэт курыт школым фIащащ 115-нэ шууей дивизэм и цIэр. Абы дэт хэкурыдж музейм плIанэпэ нэхъ ин дыдэр хухахащ адыгэ зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэр къэзыгъэлъагъуэ дэфтэрхэм, сурэтхэм. ЩIыналъэм и къэлъыхъуакIуэ ныбжьыщIэхэм ерыщу зэфIагъэувэж 1942 гъэм и гъэмахуэм Мартыновскэ районым къыщыхъуауэ щыта Iуэхугъуэхэр, абыхэм хэта зауэлIхэм я цIэунэцIэхэр. А псоми я фэеплъу Большая Мартыновкэ жылэм и уэрам нэхъыщхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр» цIэр зэрехьэ.

Мы махуэхэм илъэс 81-рэ ирикъуащ Мартыновскэ районыр 115-нэ шуудзэм бийм зэрыщихъумэрэ. Абы и саулыкъукIэ щIыналъэм къыщызэрагъэпэщащ Iуэхугъуэ купщIафIэ куэд: хэкурыдж музейм зэIущIэ хьэлэмэт щекIуэкIащ, зауэлIхэм я фэеплъхэм деж пэкIухэр щыщыIащ, абыхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ, апхуэдэуи машинэхэм ису лIыгъэ щIапIэхэм екIуэлIащ. Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, 1942 гъэм и бадзэуэгъуэшыщхьэуIу мазэхэм Мартыновскэ районыр бийм щахъумэу абдеж я щхьэ щагъэтIылъащ 115-нэ шууей дивизэм щыщу 3947-м, хъыбарыншэу кIуэдахэри яхэту. КъэлъыхъуакIуэ ныбжьыщIэхэм хэIущIыIу ящIыжыфащ нэхъапэм хъыбарыншэу кIуэдауэ ялъытэу щыта зауэлI 600-м нэсым я цIэ-унэцIэхэр. Ди республикэр къапщтэмэ, апхуэдэ лэжьыгъэфI куэд зэфIэзыххэм ящыщщ Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм щыпсэу, хэкупсэ нэсу зи дунейр зыхь, егъэджакIуэ икIи гъэсакIуэ нэс Гулэжын Беслъэн. Гъунэгъу щIыналъэм щекIуэкI фэеплъ пэкIухэм сыт щыгъуи жыджэру хэтщ а адыгэлI щыпкъэр.

Къэралым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи щхьэр зыгъэтIылъа ди лъахэгъу зауэлIхэм я фэеплъыр, зэрахьа лIыгъэмрэ яхэлъа хахуагъэмрэ мыкIуэдыжынщ. ДэнэкIи хуэдэу, абыхэм щIапIыкI 115-нэ шуудзэр зи къыщхьэщыжакIуэ нэсу щыта Мартыновскэ щIыналъэм къихъуэ щIэблэри.

**ТАМБИЙ Линэ.**

*Сурэтым:* **Большая Мартыновкэ дэт хэкурыдж музейм зэIущIэ щокIуэкI.**

● ХьэщIэщым

# «Ди лъахэжь дызэрисыжыр - насып мыухыжщ»

***Сирием щыпсэуа, нобэ зи адэ лъахэр псэупIэ зыхуэхъужа, зи хъуэпсапIэрэ гугъапIэрэ къызэхъулIауэ Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Хьэбэз къуажэм унагъуэу щыпсэу Гъусокъуэ Рэджаб и нэгум иболъагъуэ и гуфIэгъуэри и насыпри. И нобэм, и Хэкужь зэрызригъэгъуэтыжрэ илъэси 8 щрикъум и гупсысэхэр зыхуэкIуам, и бынунагъуэм и Iуэхухэр зыIутым дыщыгъуазэмэ ди гуапэу, ди псалъэмакъым щIэддзащ.***

**- Рэджаб, фыкъызэрытхыхьэжрэ илъэс бжыгъэ хъужащи, фыкъыщыкIуэжа япэ махуэмрэ нобэмрэ сыт хуэдэ еплъыкIэ хувиIэ?**

- Сэ, си щхьэгъусэр, си анэр, си щIалитIыр 2015 гъэм адэжь Хэкум къэдгъэзэжауэ, нобэ Хьэбэз къуажэм дыщопсэу. Абы къинэмыщIауэ, Швециемрэ Сириемрэ - си щIалитI, Иорданием си хъыджэбз бынунагъуэу щопсэу. Абыхэм ятеухуауэ дигухэр пIейтейми, ди лъахэжь дысэрисыжым къыдит гукъыдэжыр зыми фагъуэ ищIыфынукъым. Ауэ, лъэпощхьэпоуншэрэ гугъуехьыншэу къыщIэддзауэ жысIэмэ, фэрыщIыгъэ хъунущ.

Дыкъыщыкъуэжам лъэныкъуищым нэхъ гугъу дыдехьащ: лэжьапIэкIэ, псэупIэкIэ, дэфтэр IуэхухэмкIэ. НобэкIэ ахэр нэхъ зэкIэлъыкIуэ, зэгъэзэхуа хъуащи, къэзыгъэзэж - къэIэпхъуэжхэр гугъуехьышхуэ хагъэтыжкъым.

ЛэжьапIэ зэрыдмыгъуэтым и щIыIужу, урысыбзэр зэрызмыщIэр хуабжьу зэран къысхуохъу нобэр къыздэсым. Си IэщIагъэкIи, си зэфIэкIкIи сщIэфыну псоми сыхыхьэфыркъым абы и ягъэкIэ. Арами, сыщыскъым, солажьэ.

**- ЦIыхухъум псэукIэщIэм нэхъ зригъэзыф щхьэкIэ, бзылъхугъэмкIэ ар тIуащIэу хьэлъэщ. Уи щхьэгъусэ Хьитам дауэ къыщыхъуа къэкIуэжыныр?**

- Сирием дызэрыщыпсэуар зэгуэрми дигу къэмыкIыжыну апхуэдэу Iеякъым. ХьэкъыпIэкIэ, къулейуэ дыпсэуащ, псэупIэкIи, мылъкукIи, лэжьапIэкIи дызэхурикъуу. Щхьэгъусэм и Iуэхухэри Iейтэкъым, институтым щригъаджэу, къыщалъытэу яхэтащ. ДыIэпхъуэн Iуэхур къыщыкъуэкIам, нэгъуэщI къэралхэми дыкIуэну Iэмал щыIащ, ауэ гъащIэу къытхуэнам ди Хэкужь псэупIэ тщIыжыным и гупсысэр зэдэтщтэри, ди Iуэху мыпхуэдэу тлъэгъуащ.

Сэ си щыпэкъакIуэтэкъым мыбыкIэ, ауэ Хьитам дежкIэ япэти, псори щIэщыгъуэт, щыгужьеи къыхэхуэу. Арами, икIуэтакъым, дыщIегъуэжакъым. Апхуэдэу ди Iуэху зэтеувэнымкIэ щхьэпащ ди лъэпкъэгъухэм зыкъызэрытщIагъэкъуар. Ди гур къаIэтащ, дагъэгушхуащ.

Пэж дыдэу жысIэнщи, дызыбгъэдыхьауэ, зыгуэркIэ дызэлъэIуауэ «хьэуэ» къыджезыIа къахэкIакъым. Ину «берычэт бесын» яжыдоIэ псоми. Зэгуэрми сщыгъупщэнкъым Лъыс Розэ и унэ дыщIигъэтIысхьэу, илъэситI енкIэ дызэрыщыпсэуар, Аргун Олег деж ипэхэм сызэрыщылэжьар, Хьэбэз деж унэ щаухуэу, абы унагъуэ бжыгъэ псэупIэкIэ дызэрыщетIысэхар... Дэтхэнэра жыпIэнур, псори фIыщIэ псалъэкIэ къыхэзгъэщыну сыхуопабгъэ.

НобэкIэ си щхьэ сыхуолажьэ. Щхьэгъусэр лажьэркъым, сымаджэ диIэхэщи, абыхэм япыщIащ.

**- Рэджаб, балигъым и ныбжьыр хэкIуэтэху нэхъ хэкупсэ-лъэпкъыпсэ мэхъу. Ауэ ар щIэблэщIэм хэппщэфын хуейщ. Уэ адэ хуэдэу арэзы утехъуэрэ, жыпIэфыну уи быным, мис мы ди пащхьэ нэмысыфIэу ит фи щIалэм адыгэгу, адыгэпсэ къыхуэбгъэушыжыфауэ?**

- Быным щытхъу хабзэкъым, ауэ а жыпIам шэч къытесхьэркъым икIи сыкъиущхьэкIуну жысIэркъым. Зыдеджэхэми, и ныбжьхэми, и ныбжьэгъухэми дэгъуэу яхэзэгъащ, адыгэбзэр егъэшэрыуэ, хабзэ-бзыпхъэр ещIэ.

**- Дауи, Рэджаб, Сириемрэ мыбдежрэ дин, зэхэтыкIэ хабзэхэр щызэхуэдэкъым. Ар дин зехьэкIэми, зыхуэпэкIэми, зэхущытыкIэхэми ехьэлIащ. УзыгъэIэнкун гуэри щыIэщ, тхьэм ирещIи...**

- ЗыхуэпэкIэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, Сириемрэ мыбдежрэ зыуи зэкIуалIэркъым, ауэ сэ абы Iэнкун сищIкъым. Щхьэж езым и хабзэ, и зыхуэпэкIэ иIэжщ, зыщыпсэу жылагъуэм елъытауэ дунейм тетщ. Нэхъыщхьэр цIыхур цIыхуу къэнэжынращ.

Дин зехьэкIэм и гугъу пщIымэ, узытеIэзэщIыхьын хуей куэд щыIэщ. Нэмэзи сощI икIи язогъэщI, сщIэхэмкIэ садогуашэ. Псом нэхърэ нэхъ Iэнкун сызыщIыр мыбыкIэ щыпсэухэр зэрызэкIэлъымыкIуэращ. Моуэ унагъуэм ущIыхьэу шей, кофэ узэдефэу упсалъэу ущысин пхузэфIэкIыркъым. УщIамыгъэхьэу аракъым, ущIыхьамэ лейуэ мэгузавэри аращ.

Апхуэдэщ Iуэхушхуэ лъэпкъым къыщаIэткIи: лей куэдым хохьэ, ерыскъыр Iисраф ящI. Абыи гугъу ирегъэхь зэкIэлъыкIуэхэр, арами щагъэткъым, ди жагъуэ зэрыхъущи.

**- Ерыскъым дыщытепсэлъыхьакIэ, тфIэгъэщIэгъуэнщ, Рэджаб, унэгуащэм нэхъыбэу фхуипщэфI шхыныгъуэхэр...**

- Адыгэ шхынхэм есащ икIи епщэфI. Ауэ и нэхъыбэм, СириемкIэ щызэсахэрщ нэхъ игъэхьэзырыр, ахэр нэхъ зэхуэмыдэу икIи нэхъ щIэщыгъуэу къелъытэри. А псори жыдмыIэу, фынеблагъэу ди псэукIи флъагъуну, ди Iэни фыпэрысыну ди гуапэ дыдэ хъунут.

**- ФIыкIэ, хъеркIэ фи унагъуэ дынихьэ! Фыпсэу, адэжь Хэкум фыщытхъэж!**

*Епсэлъар* **ТУАРШЫ Ирэщ.**



## Мэрем, шыщхьэуIум и 11

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.50, 12.15, 15.15, 16.50** Информационный канал (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.50** Д/ф «Штирлиц навсегда». Рождение легенды (12+)
**21.00** «Время»
**21.45** Т/с «Семнадцать мгновений весны» (16+)
**00.15, 00.55, 01.35, 02.15, 02.50, 03.25, 04.00, 04.35, 05.10** Подкаст.Лаб (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00, 09.30** Утро России
**09.00, 14.40, 21.15** Вести. Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.00, 14.00, 16.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут» (12+)
**15.05** Д/ф «Вторая мировая война. Битва за Днепр» (12+)
**16.30** Прямой эфир (16+)
**21.30** «Удивительные люди. Лучшее» (12+)
**23.55** Х/ф «Соседка» (16+)
**02.00** Х/ф «Семнадцать мгновений весны» (16+)

**НТВ**

**04.55** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Лесник. Своя земля» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «Скорая помощь» (16+)
**16.45** Т/с «Зимородок» (16+)
**20.00** Т/с «Степные волки» (16+)
**00.00** Д/с «Авторитеты» (16+)
**01.00** «Инфощит» (16+)
**01.30** Т/с «Дикий» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**06.35** Х/ф «Тревожный вылет» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** Х/ф «Один шанс из тысячи» (16+)
**11.05, 13.25** Х/ф «Фартовый» (16+)
**13.45, 15.05** Х/ф «Особо важное задание» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**17.15, 19.45** Т/с «Викинг-2» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.00** «Музыка+». «Группа «Uma2rman» (12+)
**00.25** Х/ф «Родня» (16+)
**02.10** Х/ф «Последний побег» (16+)
**03.40** Х/ф «Свидетельство о бедности» (16+)
**04.50** Д/ф «Стихия вооружений: воздух» (12+)
**05.15** «Москва фронту» Д/с (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35, 16.15** Д/с «Репортажи из будущего»
**08.15** «Жизнь и судьба»
**08.35, 23.20** Д/с «Первые в мире»
**08.50** Х/ф «Петька в космосе» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Д/с «Археология. История с лопатой»
**10.45** Х/ф «Город над головой» (16+)
**12.00, 18.15** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Д/с «Земля людей»
**13.15** Д/ф «Скитания капитана армады»
**14.05** Д/с «Забытое ремесло»
**14.20** Д/с «Святыни Кремля»
**14.50, 22.00** Х/ф «Из жизни отдыхающих» (16+)
**17.15, 01.25** Мастер-класс
**18.45** Д/ф «Престольный праздник. День Николая Чудотворца»
**19.45** «Смехоностальгия»
**20.15** Д/с «Искатели»
**21.00** Линия жизни
**23.35** Т/с «Спрут-4» (16+)
**02.25** М/ф «Мультфильмы»

**МАТЧ!**

**06.00, 14.25** «Кто кого?» (12+)
**06.30** «Третий тайм» (12+)
**07.00, 12.50, 14.55, 18.45** Новости
**07.05, 15.00, 18.50, 23.15** Все на Матч!
**10.00** «Небесная грация» (0+)
**10.20** Футбол. Чемпионат мира. Женщины. 1/4 финала
**12.30** Лица страны (12+)
**12.55** «Есть тема!» (12+)
**15.30** Смешанные единоборства. One FC (16+)
**17.45** Футбол. Fonbet Кубок России. Обзор (0+)
**20.15** Смешанные единоборства. М. Гасанов - С. Абдурахманов. АСА (16+)
**00.15** Футбол. Чемпионат мира. Женщины. Обзор (0+)
**00.45** «РецепТура» (0+)
**01.15** «Лучшие из лучших» (12+)
**02.45** Новости (0+)
**02.50** Велоспорт. Чемпионат мира. Трансляция из Шотландии (0+)
**04.00** Бокс. Дж. Додсон - Дж. Ридж. Bare Knuckle FC (16+)

## Щэбэт, шыщхьэуIум и 12

**1**

**06.00** «Доброе утро. Суббота»
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** «Поехали!» (12+)
**11.05** «ПроУют» (0+)
**12.15** Д/ф «Крым. Небо Родины». День Военно-воздушных сил (12+)
**13.20** Д/ф «Крым. Небо Родины» (12+)
**15.15** Х/ф «Торпедоносцы» (16+)
**17.10, 18.20** Концерт «Между прошлым и будущим»
**18.00** Вечерние новости
**19.55** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**21.00** «Время»
**21.35** «Сегодня вечером» (16+)
**23.15** Х/ф «Анна и король» (16+)
**01.55, 02.30, 03.05, 03.40, 04.15, 04.50, 05.25** Подкаст.Лаб (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Вести. Местное время
**08.20** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету» (12+)
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного» (12+)
**10.10** Сто к одному (12+)
**11.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.40** «Доктор Мясников» (12+)
**12.45** Т/с «Миленький ты мой» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**21.00** Х/ф «Некрасивая» (16+)
**00.40** Х/ф «Лабиринты судьбы» (16+)
**04.10** Х/ф «Люблю, потому что люблю» (16+)

**НТВ**

**04.25** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.25** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.25** «Едим дома»
**10.25** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Основано на реальных событиях» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.25** «Следствие вели...» (16+)
**19.25** Т/с «Степные волки» (16+)
**23.00** «Золотой граммофон. Лауреаты церемонии» в Санкт-Петербурге (12+)
**00.55** Т/с «Дикий» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.35** Х/ф «Им покоряется небо» (16+)
**07.35, 08.15** Х/ф «Хроника пикирующего бомбардировщика» (16+)
**08.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.25, 02.00** Х/ф «Чистое небо» (16+)
**11.40** «Легенды музыки». Николай Караченцов (12+)
**12.10** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным». «Жизнь без интернета... Как проводили вечера в СССР» (12+)
**13.15** «Не факт!» (12+)
**13.45** «Война миров» Д/с. «Битва за Прибалтику» (16+)
**14.35** «Легенды кино». Рина Зеленая (12+)
**15.25** «Время героев» (16+)
**15.50** «Москва фронту» Д/с (16+)
**16.10, 19.25** «Битва за небо. История военной авиации России» Д/с (16+)
**21.50** Х/ф «Ноль-седьмой» меняет курс» (16+)
**23.30** Х/ф «Особо важное задание» (16+)

**РОССИЯ К**

**03.45** Х/ф «Последний побег» (16+)
**06.30** «Библейский сюжет»
**07.05** М/ф «Мультфильмы»
**07.55** Х/ф «На границе» (16+)
**09.30** «Классная тема!»
**10.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Тайны старого чердака
**10.45** Д/ф «Тамара Макарова. Свет Звезды»
**11.20** Х/ф «Сельский врач» (16+)
**13.15** Неизвестные маршруты России
**13.55, 02.00** Д/с «Серенгети»
**14.50** Большой балет
**16.55, 23.05** Д/ф «Роман в камне»
**17.25** Линия жизни
**18.20** Х/ф «Жил-был настройщик...» (16+)
**19.45** Д/ф «Эстрада, которую нельзя забыть»
**20.35** Х/ф «Не бойся, я с тобой!» )
**23.35** Х/ф «Вдовец» (16+)
**01.15** Д/с «Искатели»

**МАТЧ!**

**06.00** Бокс. Дж. Додсон - Дж. Ридж. Bare Knuckle FC (16+)
**07.00, 12.30, 15.30** Новости
**07.05, 12.35, 15.35, 19.30, 21.30** Все на Матч!
**09.50, 13.20** Футбол. Чемпионат мира. Женщины. 1/4 финала
**12.00** География спорта (12+)
**16.15** «Вы это видели» (12+)
**17.15** Футбол. «Оренбург» - «Краснодар». МИР Российская Премьер-Лига
**20.00** Дартс. Профессиональная лига. Турнир «Вечерняя Москва»
**22.30** Футбол. Чемпионат мира. Женщины. Обзор (0+)
**23.00** Смешанные единоборства. В. Люке - Р. Дос Аньос. UFC (16+)
**05.00** Велоспорт. Чемпионат мира

## Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 13

**1**

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10, 23.35, 00.20, 01.00, 01.40, 02.20, 03.00, 03.35, 04.10** Подкаст.Лаб (16+)
**06.55** Играй, гармонь любимая! (12+)
**07.40** «Часовой» (12+)
**08.10** «Здоровье» (16+)
**09.20** «Мечталлион». Национальная Лотерея (12+)
**09.40** «Непутевые заметки»
**10.15** Д/ф «Штирлиц навсегда». Рождение легенды (12+)
**11.15** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** Д/ф «Мгновения. Татьяна Лиознова» (12+)
**13.20** Д/ф «Крым Юлиана Семенова» (16+)
**14.35** Вечер музыки Микаэла Таривердиева (12+)
**15.55** Т/с «Семнадцать мгновений весны» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «Три аккорда» (16+)
**21.00** «Время»
**22.35** Т/с «Серебряный волк» (16+)

**РОССИЯ 1**

**06.10, 01.55** Х/ф «Васильки для Василисы» (16+)
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым» (12+)
**09.25** Утренняя почта с Николаем Басковым (12+)
**10.10** Сто к одному (12+)
**11.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.40** «Доктор Мясников» (12+)
**12.45** Т/с «Миленький ты мой» (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**22.00** Воскресный вечер с В. Соловьевым (12+)
**01.00** Д/ф «Адмирал Колчак. Жизнь и смерть за Россию» (12+)

**НТВ**

**04.45** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**11.50** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.00** «Однажды...» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** «Следствие вели...» (16+)
**19.35** Х/ф «Черный пес-3» (16+)
**23.40** «Маска». Спецвыпуск (12+)
**02.35** Т/с «Дикий» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.15** Х/ф «Служили два товарища» (16+)
**07.05** Х/ф «Ноль-седьмой» меняет курс» (16+)
**09.00** Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
**09.25** «Служу России» (12+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**11.30** «Код доступа». «Тайна «франкфуртских мудрецов» (12+)
**12.20** «Легенды армии с Александром Маршалом» (12+)
**13.15** «По горячим следам» (16+)
**13.55** Т/с «Викинг-2» (16+)
**18.00** Главное с Ольгой Беловой (16+)
**19.40** «Легенды советского сыска» Д/с (16+)
**23.00** Х/ф «Хроника пикирующего бомбардировщика» (16+)
**00.40** Х/ф «Военно-полевой роман» (16+)
**02.15** Х/ф «Им покоряется небо» (16+)
**03.55** Д/ф «Амет-Хан Султан. Гроза «Мессеров» (12+)
**04.40** «Москва фронту» Д/с (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** М/ф «Загадочная планета». «Бюро находок»
**07.25** Х/ф «Не бойся, я с тобой!» (16+)
**09.55** Диалоги о животных
**10.35** Тайны старого чердака
**11.05** Х/ф «Монета» (16+)
**12.35** Д/с «Человеческий фактор»
**13.10, 00.25** Д/с «Страна птиц»
**13.50** Спектакль «Ревизор»
**17.05** Д/с «Первые в мире»
**17.20** «Пешком...»
**17.50** Д/ф «Парадная хореография Страны Советов»
**18.35** «Романтика романса»
**19.30** Новости культуры
**19.45** Х/ф «Паспорт» (16+)
**21.25** Ольга Перетятько, Павел Небольсин. «Концерт на бис!»
**22.55** Х/ф «Капитан Кидд» (16+)
**01.25** Д/с «Искатели»
**02.10** М/ф «Мультфильмы»

**МАТЧ!**

**06.00** Автоспорт. Российская Дрифт серия «Европа» (0+)
**07.00, 14.50** Новости
**07.05, 00.05** Все на Матч!
**10.10** Х/ф «Вираж» (16+)
**12.15** Хоккей. Россия - Белоруссия
**14.55** Регби. «Локомотив-Пенза» - «ВВА-Подмосковье» (Монино). 1/4 финала. PARI Кубок России
**16.55** Футбол. «Атлетико Минейро» - «Баия». Чемпионат Бразилии
**19.00** «После футбола» с Георгием Черданцевым
**19.55** Футбол. ЦСКА - «Сочи». МИР Российская Премьер-Лига
**21.55** Футбол. «Гремио» - «Флуминенсе». Чемпионат Бразилии
**00.25** Футбол. «Фламенго» - «Сан-Паулу». Чемпионат Бразилии
**02.35** Новости (0+)
**02.40** Велоспорт. Чемпионат мира
**04.00** Пляжный волейбол. Чемпионат России. Женщины. Финал (0+)
**05.00** Пляжный волейбол. Чемпионат России. Мужчины. Финал (0+)

**ОТР**

**Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 7**
**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Къэбэрдей-Балъкъэр-2023» дунейпсо кинофестивалыр зэхуащIыж. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**6.50** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Левченкэ В. (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Тхьэм и унэм ухуэзышэ гъуэгу» (12+)
**7.30** «КъэкIуэнум и дуней» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «ЩIалэгъуалэ утыку». АэродизайнымкIэ урысей чемпион Толстокоров Александр (12+)
**8.40** «Кухняшки». Сабийхэм папщIэ нэтын (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «НыбжьыщIэ зэчиифIэхэр». «Голос. Дети» проектым хэта Куэцэ Идар (12+)
**17.40** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**18.15** «Тхылъ нэхъыбэ ...» (12+)
**18.30** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, шыщхьэуIум и 8**
**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
6.45 «Тхылъ нэхъыбэ ...» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**7.25** УФ-мрэ КъБР-мрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Iусен Олег и фэеплъ пшыхь (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Iуэху еплъыкIэ» (12+)
**8.30** «НыбжьыщIэ зэчиифIэхэр». «Голос. Дети» проектым хэта Куэцэ Идар (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тайм-аут». Спорт нэтын
**17.25** Зэпеуэм щытекIуахэу Мэсей Iэдэмрэ Болий Дианэрэ я концерт (12+)
**18.10** «IэщIагъэм къыхуигъэщIа». УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и отличник Афашоков Мухьэдин
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 9**
**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** Ретроспективэ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым» (12+)
**6.30** ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэр
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «IэщIагъэм къыхуигъэщIа». УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и отличник Афашоков Мухьэдин (12+)
**7.45** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** Зэпеуэм щытекIуахэу Мэсей Iэдэмрэ Болий Дианэрэ я концерт (12+)
**8.55** Цыферов Г. «Как отдыхал подъёмный кран» (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
- AIэ! Нобэ зэгъусэу дыщIэсынщ. Сэ кино сеплъу, уэ телефонымкIэ уджэгуу.

Нэгурэш мэгузавэ.

- Папэ къыдэшхыдэнукъэ?
- Дэнэ ар папэ къыщищIэнур? ЖетIэжынкъыми, зэфIэкIащ.
- Абы папэ депщIыжу къикIыркъэ?
- Папэ ущепщIыжыр ар къэбгъэпцIэмэщ. Дэ пцIы дыупсыркъым, и жагъуэ дымыщIу аркъудейщ.

Нэгурэш и гур ину къоуэ. Школым кIуэмэ, нэхъыфIу пIэрэ-тIэ? Ауэ анэм телефоныр къыхутрилъхьакIэщ, къимыщтэу хуэшэчынукъым. Джэгу гуэрым хыхьэри, хуэмурэ хъыджэбз цIыкIум и гур къызэрыгъэутыжащ. «Мис, иджыпсту сытокIуэ», - щыжиIэ дыдэм, мамэ къыщхьэщохьэ:

- Уи ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэм уахуэзэшрэ?
- СщIэркъым! - щтэIэщтаблэу къыдоплъей Гурэ.

Анэр щымщ, псори ищIэм ещхьу. ИтIанэ къоупщI:

- Зыгуэрым уи жагъуэ къищIа? ЩIалэ цIыкIухэр къоуэрэ?
- Хьэуэ!
- Сыт-тIэ къэхъуар?
- «Гъ» схужыIэркъыми, псори къысщодыхьэш.

Хъыджэбз цIыкIумрэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэмрэ куэд щIауэ гугъу зэрогъэхь. Нэгурэш дерс псомкIи фIы дыдэу йоджэ. Ар имыщIэ нэхъей, ФатIимэ Руслановнэ къыхуэпхъэшащ. Сабийр имыщIэмкIэ егъэджакIуэм еупщIыну щошынэ, тхылъым итыр къыгурымыIуэркъым. ИтIани, и гукъеуэр анэм зэрыжриIэу, Нэгурэш еджэгъуэ махуэр зэрыдигъэхуам хущIегъуэжын щIидзащ.

Iуэтэж



- ФатIимэ къошхыда?
- Къызэшхыдакъым, ауэ...
- Ауэ?
- Уи мамэ адыгэкъэ? Уи папэ адыгэкъэ? - жиIэри къызэупщIати, «нтIэ» жысIащ.
- ИтIанэ-щэ?
- Сэ сыбдэIэпыкъунщ, адыгэбзэ нэхъыфIу зэбгъэщIэну ухуеймэ, жиIати...
- Уэ-щэ?
- «Сыхуейкъым, сэ ин сыхъумэ, Америкэм сыкIуэнущ!» - жесIащ.
- Езым-щэ?
- «Мы америкэнкэ къомым етщIэнур тщIарэт!» - жиIэри, мыгуфIэжу хъуащ. Абы лъандэрэ «америкэнка», «америкэнка» жаIэурэ, псори къысщодыхьэшх.
- А тIэкIура?
- Махуэ къэс диIэщ абы и дерсыр.
- Щхьэ занщIэу жумыIарэ-тIэ? Адыгэбзэ уемыджэу тщIынщи, зэфIэкIащ.
- Дауэ?
- Папэ тхылъымпIэ къыдедгъэхынщ умыадыгэу.
- Сыхэт-тIэ?
- УцIыхущ! Нэгурэш-шоколадыр хэтыт? - жиIэщ мами, IэплIэ быдэ къыхуищIу, и Iитыр сабийм иришэкIащ.

4

Пщэдджыжьым Нэгурэш адэ-анэм я зэдауэ макъым къегъэуш.

- Сыт зэребгъэщIынур? Илъэс зыбгъупщI дэкIмэ, «уадыгэ?» жиIэу зыри къоупщIыжынукъым, лъэпкъхэр зэхошыпсыхьыж. Зэрыщыту инджылызыбзэм зэщIищтэнущ дунейр. Адыгэбзэри, хуей хъумэ, хуэмурэ зригъэщIэжынщ.

Нэгурэш и гуапэт и анэр къызэрыщхьэщыжыр. Ауэ и адэм зыгуэркIэ екъуэншэкI хуэдэу къыщIыщыхъури ищIэртэкъым.

- Сыт адрей хъыджэбз къомыр къэбгъанэу, сэ сыкъыщIэпшар жыIи, къызэупщIыт! - зэхех хъыджэбз цIыкIум и адэм и къалэдэс адыгэбзэ щабэр. Бзэм иримыпсэлъэфми, жаIэр къыгуроIуэ хъыджэбз цIыкIум.
- Сынэхъ дахэти! - зэуэ теужа анэм зегъафIэ.
- Пэжщ! ИтIанэ-щэ?
- Уигу срихьырти!
- Ари пэжщ! Сигу ущIрихь щхьэусыгъуэ псоми япэ итыр пщIэрэт? - папэ урысыбзэри зыдегъэлIэпыкъу. - Къуажэм узэрыщыщыр! Сэ сызэрымыпсэлъэф адыгэбзэр хуиту зэрыбгъэшэрыуэр. Къалэдэс къэсшэмэ, си сабийхэр сэ сэщхьу бзэмыIу хъунущ жысIэри, си нэм къыфIэна псоми уя утезгъэкIуащ. Иджы ди пхъум «сыадыгэкъым, адыгэбзэ зджыну сыхуейкъым» жиIэу иту, тхылъ къыхэдгъэх къызжыбоIэ.
- Псори къысщодыхьэшх, жи. Хьэрф зэгуэтхэр къипсэлъыфыркъым. «Гъ» хужыIэркъым.
- Уэ сыт уэзгъэщIэр, абы «гъ» жимыIэфыху? Егъасэ!
- Сэ апхуэдэ хущIыхьэгъуэ сиIэмэ, пщIэркъэ?
- СщIэркъым! Сымылажьэмэ, доунэхъу жыпIати, уи гугъу сщIакъым. Иджы улажьэуи доунэхъу, къызэрыщIэкIымкIэ. Си бзэкIэ псалъэ бын къысщIэмыхъуэнумэ, сыт сэ адыгэ унагъуэу сыщIэтIысыжам и мыхьэнэр?
- Адрей псомкIи «тхурэ» «плIырэ» къихьу, мы зымкIэ «тIукIэ» ибгъэкIыну сабийр? Гуэныхькъэ?
- Гуэныхьыр Гурэ зыздигъэзэну лъэныкъуэр имыщIэу, хамэгу-хамащхьэу къэдгъэтэджмэщ.
- Адыгэбзэмрэ абырэ сыт зэхуаIуэхур?
- Сыт зэхуамыIуэхур? Хьэр бууркъым, жэмыр банэркъым. Китайр - китаибзэкIэ мэпсалъэ, японыр - японыбзэкIэ, адыгэр - адыгэбзэкIэ. Уи пхъумрэ уэрэ анэдэлъхубзэ зырыз фиIэнир пфIэдыхьэшхэнкъэ, уэри сэри дыадыгэу? Зэи дзыхь къыпхуищIынукъым абы уэ, уззэрыанэу, уэри сабийр зыхуейр къыбгурыIуэнукъым!

Зэдауэ макъ щызэхихкIэ, Нэгурэш зыдэщIыщIыр и адэрщ. Папэ сытым дежи токIуэри, мамэ абы жиIэм тохьэж. Иджыпстуи и анэр зэрырагъэхIуэтыр зыхещIэ сабийм. И адэм и жагъуэ хъуну ищIамэ, зыкIи елъэIунутэкъым Нэгурэш нэщыпхъуэзехьэм. Школми кIуэнут, адыгэбзэкIи псэлъэнут. Ауэ хэт зэпсэлъэнур?

5

Пэшыр щым хъуащ. Папэ и шхыдэ макъыр къэIужыркъым. И нэщхъыр зэхиуфагъэнщ, аращ мамэ нэхъ зыщышынэ дыдэр.

- АдыгэбзэкIэ сыщыпсалъэкIэ, колхозыфэ зызоплъыж, - зызыгъэтхьэмыщкIафэ макъкIэ псэлъэн щIедзэж мамэ. - Псоми сакъыхэпIиикI хуэдэу... Зыми щамытIэгъэж щыгъыныхьэ сщыгъ нэхъей... Уэ къыбгурыIуэнукъым ар. ЦIыхухъухэм зывгъэбэлэбанэмэ, зывгъэкъуажэдэсмэ, фи лIыгъэр къобыргъукI. ЦIыхубзхэр дыапхуэдэкъым.
- Гъэщ1эгъуэн жыбоIэмэ уэ...
- Къалэдэс хъыджэбзхэм фазэрехъуапсэр дымыщIэ нэхъей! - къогушхуэ мамэ. - Урысыбзэ зымыщIэм феплъыххэркъым фэ!
- Бзэмрэ а уэ узытепсэлъыхьымрэ сыт зэрызэпхар?
- Ауэ сытми зэпха! Адыгэбзэрат, жи, инстаграмым фыкъимыкIыу фыщIисыр!
- Зыкъих, зыужь, хэт зэран къыпхуэхъур?
- СлъэкI къэзгъэнэркъым, уи фIэщ щIы! Фэ фызытелIэхэм запытщIыжу ди гъащIэр дохь.
- Уи адыгэбзэм сытелIэри укъэсшати, урипсэлъэн бдэжыркъым, - папэ нэхъ щабэ зыкъещI.
- Сэри къысфIэщIырт апхуэдэу сыщыцIыкIум, - мамэ хуиту псэлъэн щхьэкIэ, зигъэгусаифэ зытрегъауэ. - Иджы Iущ сыхъуащ. Къарурращ цIыхур зытелIэр! ЦIыхухъухэм я нэхъыбэм зыхуэзэфIэкI цIыхубзщ иджыпсту къалъыхъуэр.
- Къарур къахэзылъхьэр къэтщIамэ...
- Ар къэщIэгъуей? Дахагъэрщ цIыхубзым и къарур. Къуажэ хъыджэбзыр минкIэ нэхъ лъагъугъуафIэми, и зыгъэщIэращIэкIэр городскойм ейм къыкIэроху. УкIытэм емыбакъуэу, гу зылъригъэтэфынукъым. Фэ унэм щIэсхэм я пщэпкъыр фоубыд, хуиту зызыгъэлъагъуэхэм «лайкхэр» ятывокIутэ. Аращ урысыбзэкIэ дыщIэпсалъэри, машинэм дыщIыдэтIысхьэри, ахъшэ куэду къэдлэжьыну дыщIыхуейри, армыхъумэ дынэхъ нэпсейуэ аракъым. Фызэхъуапсэхэм ещхьу зыдогъэкультурнэ.
- Дэнэ щыпщIэр дехъуапсэу?
- Долъагъу! Дэ фэ фи нэр здэкIуэм фIэкIа, зыри зэрыдмыгъэхъум сыт хэпщIыкIрэ?
- Вгъэхъуамэ, тхуримыкъур къывгурыIуэнт!
- Мис, сэ сыпхурокъу! - мамэ нэхъ нэжэгужэ къохъу. - Нэгурэш сэ нэхърэ нэхъ тыншу згъэпсэуну сыхуеймэ-щэ?
- ТхьэмыщкIэ цIыкIу! Фэи лыи птелъыжкъым! - жеIэ папэ, пшэрыIуэу зыкъызыщхуж мамэ зригъэукIыну. - Мывэ зэпыхуу жумыIэ!
- Сыт-тIэ дэ къызыкIэлъыджыхь къомым я мыхьэнэр? - мамэ и фIэщыпэу мэшхыдэ. - Къэдлэжьыри, ди зэманри, ди къарури благъэр дымыгъэпсэлъэным ехь. Дыпсэуну игъащIэкIи дыхуэщIыхьэнукъым.
- Псэу! Хэт узыIыгъыр?
- Уэ сыпIыгъщ! Тхьэмахуэ къэс Къулъкъужьын дымыкIуэжу бдэнура, узэрыщIалэфIыр псоми ялъагъун хуэдэу?
- УнэмыкIуэж! Уи Iуэху зесхуэрэ?
- Дауэ зэрызумыхуэр? Мис, адыгэбзэти къинэмыщIти жыбоIэри сыбгъэпсэуркъым! Какая разницэ? ЦIыхур цIыхущ, сыт хуэдэбзэкIэ псалъэми. ИгъащIэм лъэпкъ зэхэгъэж сщIакъым.
- Еплъ иджы а сэ жысIэр здишэм! ПщIакъым, укъызыхэкIар пщIэжырти, уи адэанэр зэрызэпсалъэ бзэр къыбгурыIуэрти, анэдэлъхубзэкIэ къодэхащIэурэ угъэфIати. НэгъуэщIыбзэкIэ «дахэу тIыс», «щэхуу псалъэ» жыпIэкIэ зыхилъхьэркъым а псор сабийм. Иджыпсту уэрэ сэрэ зыжетIэм щыщу Гурэ зы псалъэ къыгурымыIуэмэ, гужьеинурэ, хамэу дыкъыщIыхуэнущ. Пщэдей дыкъыфIидзэу ежьэжмэ, хэт бгъэкъуэншэнур?
- Тхьэ, хыфIэдзэ мыгъуэ езмыгъэлъагъумэ!
- КъыбгурыIуа иджы Къулъкъужьын дыщIэкIуэжыр?!

6

- И причом тут адыгэбзэ? Европэр нэхъ культурнэхэщ!
- Нэхъ культурнэщ я бзэм хопсэукIыжри!
- Бзэр сыт? Нобэ уропсалъэ, пщэдей зыщIыпIэ уоIэпхъуэри, пщогъупщэж, нэгъуэщI зыбогъащIэ.
- НэмыцэбзэкIэ упсалъэмэ, нэмыцэ ухъуну? Мис а упщIэм жэуап къетыт! НэмыцэбзэкIэ Iэзэу псалъэ адыгэ цIыхубзу укъэнэжынукъэ?! Хьэм «сэ хьэуэ сыщытынукъым, сыджэдуну сыхуейщ» жиIэмэ, сыт къыщыщIынур? Абы ещхьуращ ари.
- Зыми щымышынэу, си пхъур игу зэгъауэ псэумэ, нэхъыбэ сыхуейкъым, - идэркъым мамэ. - «Псэ быдэ Тхьэм ищI» жыIэжаIэр сыт? Аращ псом нэхърэ нэхъыщхьэр.
- Сэ сыпсэ быдэ?
- Умыпсэ быдэмэ, си фэр тепхрэт? - мэдыхьэшх мамэ. - Сыт зэхэпхыну узыхуейр?
- Мис а пхужымыIэр! СыпфIэсабиифэщ уэ сыкъызэрыпцIыхурэ, зыкIи укъысщыгугъыркъым. Мыхьэнэ зиIэ псомкIи уи дэлъхум уолъэIу. Пэж хьэмэрэ пцIы?

Мамэ зэуэ щым къэхъуащ.

- Уэ къалэдэс хъыджэбзхэм уапикIуэтмэ, сэ къуажэдэс щIалэхэм сохъуапсэ дунейм сызэрытетрэ. ЛIыгъэкIэ игъащIэкIи салъэщIыхьэнукъым, мыIейуэ седжа пэтми. Сэ къэхъуар къызгурымыIуэ щIыкIэ, абыхэм щIэн хуейр ялъагъу. Я адэ-анэхэмрэ езыхэмрэ я зэхуаку дзыхь дэлъщи, я закъуэу забжыжыркъым, апщIондэу зыхуейр зыщIэж цIыху къахокI. Апхуэдэу щIыщытыр пщIэрэ? КъыдалъхуабзэмкIэ мэпсалъэри аращ.

7

- Урысыбзэ имыщIэмэ, дэнэ Нэгурэш зыщIэтIысхьэфынур? Абдеж къыщедгъэгъажьэ! ЩIэныгъэншэу къэбгъэнэну ара?
- Сэ сопсалъэ урысыбзэкIэ сфIэфIыбзэу, ирепсалъэ, иредж, тхылъ куэду къыхуэщэху, таурыхъ щумыгъащIэ. ИтIани, цIыхур школым зэрыщIэсыр илъэс зыбгъупщIкIэщ. И гъащIэ псор къыпэщылъщ сабийм, насыпкIэ щыгугъыу. АнэдэлъхубзэркIэ лъабжьэщ, абы и щIыIум бзэ дапщэ ухуейми къытегъэувэ. Япэу къепщэ жьым иримыщIыкIын щхьэкIэ, ар имыщIэу хъунукъым. «Сыхэт сэ? Дапхуэдэу сызэрыщытыр?» - жиIэу, зэупщIыжмэ, сыт хуэдэ жэуап зритыжынур? И гъащIэ псор хамэхэм къакIэлъижыхьу ебгъэхьыну?

Мамэ щымщ. Аргуэру папэ и макъ къоIу:

- Достоевскэм «Идиот» жеIэри роман гуэр иIэщ...
- Сэ тхылъ седжэркъым, бжесIакъэ?
- Сыт-тIэ узэрыкъалэдэсым и мыхьэнэр? Щхьэ абыкIэ уадэмыплъейрэ «городскойхэм»?
- Городскойхэр еджэ нэхъей!
- Жэм къэпшыркъым, цы упщIыркъым, тхылъи уеджэркъым, - увыIэжыркъым папэ.
- Торт согъажьэ! Тхылъ седжэу сытIысыжмэ, хэт си заказхэр зыгъэхьэзырынур?

Нэгурэш иджы и анэр фIэпсэкIуэд мэхъу.

- НэгъуэщI IэщIагъэ уиIэнуми пщIэртэкъым, тхылъ уеджэу дакъикъитI ущысамэ.
- Си пхъур сэ сэщхьу лIыщIэу дэмытын щхьэкIэщ щIэзгъажьэр, нэгъуэщIкъым! Хэт и тыкуэн е кафе сыщIигъэувэну пIэрэ жиIэу, и Iэр шияуэ псэунущ, адыгэбзэ фIэкIа имыщIэмэ!
- Торт ищIми, содэ сэ абы, игурэ и щхьэрэ зэтелъу, ехъулIауэ зибжьыху псэумэ. Хамэбзэ зыщIэм нэхъ тыншу зыкъегъэпцIэжыф, аркъудейщ. Мис, уэ умыгупсысэххэу, зэ Iэбэгъуэм ибохуэ си щхьэ куцIым итыр. Адыгэбзэ сэ нэхърэ нэхъыфIу уощIэри, си щхьэр къэзбгъэIэтыркъым, - гушыIэм хуешэж папэ псалъэмакъыр.
- Дапхуэдэу къызэрезгъэжьэнур? - мамэ икIуэтын щIедзэ, арати.
- Дэпсэу адыгэбзэкIэ, дэшхэ, дэджэгу! «Шыгъу къызэт». «ДжэдыкIэр къысхуэший». «Бжэр гъэбыдэ».

Нэгурэш и адэм и макъым етхьэкъу, щIэжынурэ и IэплIэм зридзэнут, ауэ Iэнкунщ. Псэлъэни яухакъым.

- ДаIэ Достоевскэм и тхылъыр? Седжэфмэ, сеплъынщ, - мамэ и макъыр зэхэпх къудейщ.
- Уемыплъ, сэ бжесIэжынщ. Зэшыпхъуищ хэтщ абы. Махуэ къэс нэгъуэщIыбзэкIэ зопсалъэ. Зы махуэм - инджылызыбзэкIэ, адрейм - нэмыцэбзэкIэ, ещанэм - франджыбзэкIэ, хьэмэ нэгъуэщIыбзэт, сщIэжыркъым. Дэ бзитI къудей зэхуэдэу игъэшэрыуэу тхуегъэщIэркъым.

Ар жиIэри, папэ щIэкIащ. ЛэжьакIуэ макIуэ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# Щlыуэпс гъуэгуанэхэм псэщlэ халъхьэ

**Тхыдэр гъуджэм щрагъэщхь щыlэщ. Икlи пэж хэлъщ а зэгъэпщэныгъэм - абы щекlуэкlа lуэхугъуэхэр lупщlу уи нэгу къыщыщlэувэм деж, дерс къыхэпхын хуейуэ щытыкlэ уоувэ. Блэкlам къыщыхъуа игъуэджэхэм къамыгъэзэжын папщlэщ дерс къыщlыхахыр, тхыдэр щlаджыр. Щlалэгъуалэр зэпымычу щlэгъэдэlун хуейщ щlыналъэмрэ лъэпкъымрэ къызэранэкlа тхыдэ гъуэгуанэм ехьэлlа къэхутэныгъэхэм, гукъэкlыжхэм, хъыбархэм. Нэм илъагъур lэм ещlэж, жыхуаlэращи, а псор дерс зыхуэхъун, lэнатlэшхуэ зыгъуэту щыlэ щытыкlэр блэкlахэм иригъапщэурэ цlыхур шынагъуэ хэзыдзэн къэхъугъэхэм щызыхъумэн къахэкlынкlэ хъунущ. Ди лъахэм и тхыдэм дежкlэ мыхьэнэшхуэ яlэщ Налшык къалэ и lэгъуэблагъэм щыlэ щlыпlэхэм. Абыхэм я тхыдэр гъэщlэгъуэн дыдэщ, нэсу джа мыхъуами, lущыгъэрэ губзыгъагъэрэ къызыхэкlын гъэсэпэтхыдэ куэд яхэлъщ. Апхуэдэ гупсысэщ къызыхэкlар Бэрбэч Хьэтlутlэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым архитектурэмкlэ, ухуэныгъэ хуэlухуэщlэхэмрэ дизайнымкlэ и институтым щеджэ ныбжьыщlэхэм къыхалъхьа пэхуэщlэ хьэлэмэтыр.**



КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щыхьэрым и зыгъэпсэхупlэхэр зэlузэпэщ щlыным, тхыдэ и лъэныкъуэкlэ щыlэ фэеплъхэр къэгъэщlэрэщlэжыным хуэунэтlа жэрдэмыр зыбжанэ лъандэрэ зэхалъхьэу, lуэхугъуэщlэхэр къыхалъытэу, утыкухэм щрипсалъэу, щыщlэныгъэ иlэхэр зрагъэзэхуэжу, зэпашачэу къекlуэкlащ. Пэхуэщlэм зрагъэузэщlурэ зэрекlуэкlам и гугъур къытхуэзыlуэтэжа, ар зи нэlэ щlэта, КъБКъУ-м Архитектурэ пэхуэщlэхэр зэхэгъэувэнымрэ дизайнымкlэ кафедрэм и егъэджакlуэ нэхъыжь Щынахъуэ Астемыр зэрыжиlэмкlэ, щlалэгъуалэр пlалъэ кlыхькlэ зэлэжьа lуэхур «Сабий утыку» зи фlэщыгъэ архитектурэ гъэлъэгъуэныгъэм япэ дыдэу къыщыхалъхьауэ щытащ. «Терренкуркlэ дызэджэ щlыпlэхэм щlэупщlэшхуэ яlэщ, цlыхушхуэ йокlуалlэ, сабии балигъи щопэкlу. Жьы къабзэр щытепщэ щlыпlэхэр къалэм зэрыпхыдзам къыхэкlыу архитектурэ lэмалхэр куэдрэ ялъэlэскъым. Ауэ щыхъукlэ апхуэдэ щlыпlэхэращ узыншагъэм дежкlи щхьэпэу, щlыналъэм и тхыдэр жыжьэ гъэlунымкlэ щlэныгъэ къэкlуапlэу щытыр. Дэ хуабжьу дыхуейт щыхьэрым къедза мэз лъахэхэмрэ бгы щlыпlэхэмрэ, абыхэм уахуэзышэ жыг хадэхэр кlуапlэ зыщlа цlыхухэм тыншыгъуэ къезыт зекlуапlэ яхуэтщlыну, дгъэдахэкlэрэ мы щlыпlэхэм я щlыдэлъху лъэпкъитlым - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ - я лъэпкъыщхьэр къызытещ нэщэнэхэмкlэ къэтlэтыну. Пэхуэщlэр гъэщlэгъуэн къызыщыхъуа ныбжьыщlэхэм абы я фlэщу зратащ, икlи, пэжым и хьэтыркlэ, лэжьыгъэшхуэ кърахьэлlащ. Псом япэрауэ, абыхэм зрагъэщlащ Налшык къалэм и щlыпlэ нэхъ лъагэ дыдэр, Нартеибгыр, нэхъыжьхэр Нартей lуащхьэбгкlэ зэджэр, дунейпсо хым елъытауэ метр 999-кlэ къыщхьэщыlэта лъагапlэу зэрыщытыр. Абы и щыгум GPS-гъуазэр трагъэуващ. А lэмалым и фlыгъэкlэ лъахъшапlэм къыхэплъэурэ цlыхухэр нэхъыбэу щызэхэзекlуэ гъуэгухэмрэ лъагъуэхэмрэ къахутащ, дэкlыпlэхэмрэ зэблэкlыпlэхэмрэ я бжыгъэр зэхагъэкlащ, зыри щыземыкlуэ, lэщlыб хъуа кlуапlэхэр ягъэнэхуащ. Ирагъэкlуэкlа къэхутэныгъэхэр къалэм теплъэр егъэфlэкlуэным хуэунэтlауэ щыlэ, телефоным иlэ напэкlуэцl гуэдзэ щхьэхуэм къыщыбгъэсэбэп хъуну мыхьэнэшхуэ яlэщ. Апхуэдэ щlыкlэкlэ зэхэгъэкlа хъуа lуэхугъуэ щхьэпэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэми, абы зыгъэпсэхуакlуэ къакlуэ цlыхухэми я узыншагъэр зэрырагъэфlэкlуэн lэмалхэм хуэгъэпса хъум къыщымыувыlэу, лъэпкъхэм я тхыдэр къэзыlуатэ щlыпlэхэми щагъэгъуазэу хъунущ. Къыхэгъэщын хуейщ узыншагъэр зэфlэгъэувэжыным хуэунэтlа щlыуэпс лъагъуэхэм гулъытэ хэха зэрагъуэтар. Абы папщlэ щхьэж иlэ узыншагъэ гуныкъуэгъуэм теухуауэ дэкlыпlэ задэхэр къыхэзыххэми, дэгъэзеигъэшхуэ къыхэмыкlыу бгы куэщlым уизышэ гъуэгухэри, бгылъэрыкlуэ лъагъуэхэри пэхуэщlэм зэхэхауэ къигъэлъэгъуэнущ. Пэхуэщlэм и дизайныр зыщlа Гъащтэ Русланрэ дэрэ лъагъуэ зэмылlэужьыгъуэхэм я къэгъэлъэгъуэкlэ хъунури зэмыщхьу къыхэтлъхьащ. Къыхэтлъхьа жэрдэмым кърикlуахэмкlэ хуабжьу дыарэзыщ, дызыхуейр къыдэхъулlауэ, пэхуэщlэр сыт и лъэныкъуэкlи зэфlыхьауэ къыдолъытэ», - жиlащ Щынахъуэ Астемыр.

Налшык къалэ и зыгъэпсэхупlэ lыхьэм хиубыдэ псыхъурейм къыщегъэжьауэ Нартеибг нэс дэлъ щlыпlэхэр lыхьиплlу гуэшащ. Абыхэм километрипщl къызэщlаубыдэ. Абы хохьэ Налшык и lэгъуэблагъэм зыкъезышэкl Мэзыкъуэм («Лесистый перевал») и щlыпlэхэр. Ахэр, зэрытщlэщи, къыщыпкlухьыныр, зыщуплъыхьыныр нэгузегъэужь lуэхуу зэрыщытым и мызакъуэу, узыншагъэр хъумэнымкlи, щlыуэпсыр зыхуэдэр зэбгъэщlэнымкlи, бгылъэрызекlуэхэм я къэухьым хэгъэхъуэнымкlи нэгъэсауэ щlэныгъэ хэхыпlэ ирокъу. Нартеибгыр Налшык километритхукlэ пэжыжьэщ, ауэ абы и щыгум утету езы къалэри, Кэнжи (Къуэшыркъуей), Хьэсэнеи (Щауапцlей), Белая Речки (Псыкlэху) хуиту болъагъу, Къуршытхми (Скалистый хребет), Безенги джабэми (Безенгиевская стена), Къазбэчыбгми (Казбек) унэплъысыну lэмал щыlэщ. Нартей lуащхьэбгым уикlыу Большая Кизиловкэ (Зеикъуэшхуэ) щыгум укlуэфынущ. Нартеибгым нэс удэкlыу укъэкlуэжыным километрипщl гъуэгуанэ дэлъщ, умыпlащlэурэ, хуэмурэ укlуэмэ, сыхьэти 4 - 5-кlэ пхуэкlунущ. Щlыпlэ къэс гъуэгу дамыгъэхэр гъуэгущхьэм трагъэувэнущ, КъБР-м щызекlуэ къэралыбзищымкlэ - адыгэбзэкlэ, балъкъэрыбзэкlэ, урысыбзэкlэ - гъуазэхэр тету. Щыри зымыщlэм QR-lэмалхэр къигъэсэбэпу зыхуей бзэмкlэ гъуазэхэр зэридзэкl хъунущ. Абы къищынэмыщlауэ, кlуапlэхэр къэзыгъэлъагъуэ, гъуэгухэр зэблэзыгъэкl къаблэмэ тlощl ягъэувынущ. Бетоным къыхэщlыкlахэр жыг хадэхэм, пхъэм къыхэщlыкlахэр - мэз лъахэхэм щагъэувынущ, зыхэт щlыпlэхэм екlуу хэува хъуну папщlэ. Дэтхэнэ зы къаблэмэри лъэпкъ дамыгъэхэмкlэ ягъэщlэрэщlэнущ.

Налшык къалэм щlыпlэ унафэр щызехьэнымкlэ и lуэхущlапlэм и унафэщl Ахъуэхъу Таймураз пэхуэщlэм елэжьахэм телеграмымкlэ фlыщlэ яхуищlащ, кърахьэлlа lуэхущlафэр хьэлэмэт дыдэ къызэрыщыхъури къыхигъэщащ. «Къэкlуэнур зейр щlалэгъуалэращ. Ахэращ дунейм и щытыкlэ-зекlуэкlэм нэ бзыгъэкlэ хэплъэр, ар щlэщыгъуэу щыпсэу щlыпlэхэм хэзыухуэнэжыр. КъБКъУ-м и щlалэгъуалэ гупым ди пащхьэ кърралъхьэ пэхуэщlэр абы и лъэныкъуэкlэ хьэлэмэт дыдэ къысщыхъуащ, сыт и лъэныкъуэкlи щlэщыгъуэу сыхэплъащ. Дэ дыхьэзырщ пэхуэщlэр гъащlэм хэтпщэну, къигъэув lуэхугъуэхэр дгъэзэщlэну. Гуапэ сщохъу архитектор ныбжьыщlэхэр жылагъуэ гъащlэм жыджэру зэрыхэтыр, я зэфlэкlымрэ щlэныгъэмрэ дызыхэт дунейр дахэ щlыным и мызакъуэу, щlэныгъэмрэ щlэжымрэ я къызэтенэным хуэгъэпсауэ зэрыщытыр. Шэч хэлъкъым, иджыпсту щыщlэдзауэ купщlэшхуэкlэ узэда пэхуэщlэхэр утыкум къизылъхьэ ди щlалэгъуалэм дяпэкlи лэжьыгъэ нэхъыфlыжкlэ дызэрагъэгуфlэнум, я lэщlагъэм дихьэх, дахагъэмрэ игъуэмрэ зэхэзыухуэнэф, къалэм и теплъэм лъэпкъ нэщэнэхэр lэкlуэлъакlуэу хэзылъхьэф lэщlагъэлlхэр къазэрыхэкlынум. Фефlэкlуэну си гуапэщ» - жиlащ Ахъуэхъу Таймураз.

КъБКъУ-м и архитектор ныбжьыщlэхэм къыхалъхьа пэхуэщlэ дахэр дызытехьэ илъэсым ягъэзащlэу хуежьэнущ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал**.

# Къат куэду зэтет унэ нэхъыфl

**«Унэ нэхъыфl. Пщlантlэ нэхъыфl» фlэщыгъэм щlэт 2-нэ урысейпсо зэпеуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэжьащ.**

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» политикэ партым къыхилъхьа зэпеуэмкlэ я мурадыр къат куэду зэтет унэхэм щыпсэухэм я зэдай мылъкум хуагъэсакъыныращ, яхь жэуаплыныгъэр зэхрагъэщlэныращ. Къищынэмыщlауэ, апхуэдэ унэхэм щыпсэухэм яlэ хуитыныгъэр ягурыгъэlуэнымрэ къат куэду зэтет унэхэр зэрызрахьэнур зыубзыху хабзэщlэхэм жылагъуэр щыгъэгъуэзэнымкlэ щхьэпэщ мы lуэхур.

Зэпеуэм наlуэ къищlын хуейщ унэхэр зэпэщу зезыхьэхэм къагъэсэбэп lэмалхэр. Ар зи фlыщlэ цlыху жыджэрхэмрэ унэхэр зезыхьэ lуэхущlапlэхэмрэ я цlэ ираlуэнущ.

lуэхум и къызэгъэпэщакlуэщ «Урысей зэкъуэт» политикэ партыр, УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупlэ коммунальнэ хозяйствэмкlэ министерствэр, «Фонд развития территорий» компаниер, «ЖКХ Контроль» lуэхущlапlэр.

Зэпеуэр лlэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшауэ щытынущ: «Пщlантlэ нэхъыфl», «Унэ зэрыlыгъ», «Унэ щlыхьэпlэ нэхъыфl», «Хуабэр, уэздыгъэр щызэрагъэзахуэ унэ». Къапщытэнущ пщlантlэр зэрызэгъэпэщар, унэм щlэсхэм абы ирахьэлlа къарур, лъэпощхьэпо зрихьэлlэхэм зэгъусэу хэкlыпlэ къызэрыхуагъуэтыр,




псэупlэм теухуауэ зыхурагъащlэ lуэхутхьэбзэхэм текlуадэ ахъшэр зэрагъэмащlэ щlыкlэр къалъытэнущ. Мы зэпеуэм цlыху щхьэхуэхэри, lуэхущlапlэхэри хыхьэ хъунущ икlи ирагъэхь лъэlу тхылъхэр абы хухаха moydom.er.ru. сайтым макlуэ. Тхылъхэр ягъэува жыпхъэхэм итмэ, «цlыхубэ lэщlагъэлlхэм» я деж lэ lэт щрагъэкlуэкlыну я сайтым къралъхьэнущ. Абы щытекlуэхэм федеральнэ къэпщытакlуэ гупыр хэплъэнурэ, нэхъыфlхэр къыхахынущ.

Хэтынухэм жэпуэгъуэм и 10 пщlондэ зрагъэтх хъунущ. Цlыхубэ lэ lэтыр щэкlуэгъуэм и 30 пщlондэ екlуэкlынущ. Абы кърикlуахэр дыгъэгъазэм и 1 - 8-хэм къызэщlакъуэжыну трагъэпсыхьащ. Текlуахэр дыгъэгъазэм и 20-м нэхърэ мынэхъ кlасэу ягъэлъэпlэну я мурадщ. Текlуахэм я цlэ-унэцlэр абы хухаха moydom.er.ru сайтым кърралъхьэнущ.

Зэпеуэм электрон жыпхъэм иту зебгъэтх, тхылъхэр ебгъэхь хъунущ, *https://moydom.er.ru* сайтым ит упщlэхэм сыхьэтыр 18:00 хъуху жэуап епту жэпуэгъуэм и 10 пщlондэ ебгъэхьын хуейщ. Абы ебгъэхь хъунур къат куэду зэтет унэхэм щlэсхэр зэхыхьэу ящlа е зэлэжьа гуэрщ.

Лъэlу тхылъым lэмал имыlэу къыщыбгъэлъэгъуапхъэхэр:

- УФ-м и щlыналъэ уздыщыщыр;
- Муниципальнэ lуэхущlапlэр, щапхъэу къагъэлъагъуэ унэм и бжыгъэр;
- Зыхиубыдэ номинацэр;
- Эссер печатнэ дамыгъэу мини 8-м щlигъу хъунукъым.

Абы lэмал имыlэу итын хуейщ:

- къат куэду зэтет унэм щlэсхэм зэфlаха lуэхур (зи гугъу ящl lуэхур кlэщlу къетхэкlын);
- къагъэсэбэпа lэмалхэр;
- ящlам кърикlуар (бжыгъэ пыухыкlа е lуэху зэфlэкlа гуэр);
- унэм е абы елэжь, и унафэ зыlэщlэлъ компанием хъыбарегъащlэ lэнатlэхэмкlэ къата видео е тхыгъэ тедзауэ щыlэмэ, абыхэм я электроннэ ссылкэхэр е газетым традза тхыгъэм и скан дэщlыгъупхъэщ. Видеом и ссылкэр YouTube каналым илъын е куэд щеплъыфыну сервисхэм щыбгъуэтын хуейщ.

Тхыгъэм ящlа лэжьыгъэр къытещу (lэмал зэриlэкlэ зэрыщытамрэ иужькlэ иращlамрэ плъагъуу) сурэтипщlым нэблагъэ (150 кб дэтхэнэри хъууэ) и гъусэн хуейщ.

Текlуэхэмрэ къыхэжаныкlахэмрэ щlыхь тхылъхэр, ахъшэ сертификатхэр, фэеплъ саугъэтхэр иратынущ. Зэпеуэм хэт дэтхэнэми абы и къызэгъэпэщакlуэхэм къабгъэдэкl фlыщlэ тхылъ хуагъэхьынущ.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, гъэ кlуам Налшык къат куэду зэтету дэт унэхэм яз «Лучшая практика работы ТСЖ» унэтlыныгъэмкlэ урысейпсо зэпеуэм щытекlуауэ щытащ. Кадыровым и цlэр зезыхьэ уэрамым тет №24 унэм «дыжьын» къыхуагъэфэщащ. Текlуахэр къыхэзыхар lэщlагъэлlхэм я закъуэкъым, онлайну lэ lэт ирагъэкlуэкlати, абы цlыху мини 127-рэ хэтащ.

Кадыровым и цlэр зезыхьэ уэрамым тет №24 унэр жьы, кхъахэ хъуа унэхэм къыщlагъэкlхэм хуащlауэ щытащ. Абы щыпсэухэр зэгухьауэ (ТСЖ къызэрагъэпэщащ) хуэмуурэ я унэр ирагъэфlакlуэ, зыхуей хуагъазэ. Абыхэм я пщlантlэм сабий джэгупlэхэр дащlыхьащ, кlэрыхубжьэрыху идзыпlэхэр ирагъэувэкlащ, унэм къедзылlа щlыр зыхуей хуэзэу зэрахьэ, пандусхэр яlэщ, унэм щыпсэухэм щlэх-щlэхыурэ зэгъусэу lэхэлъахэр ягъэкъабзэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ**.



Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ**

● Гъэщlэгъуэнщ

# Мазэ ныкъуэ гуэл

Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм и пшахъуэщІхэм узытхьэкъу теплъэхэр зиІэ гуэлхэм ущрохьэлІэ. Абыхэм я нэхъыбэр Іэрыщlщ, апхуэдэу щытми, пхуэмыlуэтэщІэным хуэдиз зи дахагъ гуэлхэр къэралым зыплъыхьакlуэ кlуэхэм япэу зрагъэлъагъуну зыщІэхъуэпсхэм ящыщщ.

Дубай пшахъуэщІым ику дыдэм хуозэ мазэ ныкъуэ теплъэ зиlэ гуэлыр. Абы и щІыналъэм зы километр зэбгъузэнатlэ къызэщlеубыдэ, щlыпlэр нэхъыбэу зи хэщlапlэр бзухэмрэ псэущхьэхэмрэщ.

Псом хуэмыдэу мыбдеж зыщагъэпсэхуну яфlэфlщ щlыналъэм щыпсэухэу машинэкlэ пшахъуэщlым къыщыкlухьыным дихьэххэм, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ щlыпlэр тыншу икlи хуиту зырызыбгъэпсэхуным хуэщlащ.

Мазэ ныкъуэ гуэлым и дахагъ псор щызыхэпщlэр уафэгум лъагэу уиту укъеплъыхмэщ. Апхуэдэ lэмали яlэщ зыплъыхьакlуэхэм - хьэуам къызэрыщалъэтыхь шархэмкlэ уэгум урахьэнурэ гуэлым укъыхагъэплъэнущ.



# Лыбжьэ цlыкlу, кlэртlоф щlэлъу

● Шхыныгъуэхэр



Былымылми мэлылми къыхэпщlыкl хъунущ. Лы тхьэщlар псы щlылэм халъхьэри, зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрах, шыгъу хадзэ, мафlэр цlыкlу ящlри, шыуаныщхьэр тепlауэ лыр щабэ хъуху ягъавэ, щlэх-щlэхыурэ тхъурымбэр къытрахыурэ. Ар ва нэужь лэпсым къыхах, ягъэупщlыlури, и кlуапlэмкlэ джылъ-джылъурэ зэгуах. Иужькlэ кlэртlоф укъэбзар цlыкlу-цlыкlуурэ яупщlатэ, лэпс пщтырым халъхьэ, и щхьэр трапlэри, ныкъуэвэ хъуху трагъэт, итlанэ лэпсым щыщ къыщхьэщахри, и хуабагъыр градус 40 - 50 хъуху ягъэупщlыlу, зэlащlэурэ абы гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщlа хакlутэ, языж, ар кlэртlоф зыхэлъ лэпсым зэlащlэурэ хакlэ, зэ къытрагъэкъуалъэри, шатэ халъхьэ, и щхьэр трапlэри, мафlэ цlыкlум тету дакъикъэ 15 - 20-кlэ ягъавэ.

Лыр халъхьэри, шыуаныщхьэр тепlауэ зэ къытрагъэкъуэлъэж. lэнэм щытрагъэувэнум и деж лыбжьэ цlыкlур тепщэчым иралъхьэ, и щlыlум бжьын лыбжьэ тракlэж.

*Бжьын лыбжьэ зэращlыр:* Тебэм тхъу иралъхьэри, градуси 120 - 130-рэ хъуху къагъэплъ, абы цlыкlу-цlыкlуурэ упщlэта бжьын, шыбжий сыр хакlутэри, зэlащlэурэ дакъикъи 2 - 3-кlэ ягъэлыбжьэ. Пlастэ, мырамысэ хуабэ дашх.

*Халъхьэхэр (зы цlыху lыхьэ):* былымылу - г 130-рэ, псыуэ - г 450-рэ, кlэртlоф укъэбзауэ - г 60, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 10, гуэдз хьэжыгъэу - г 6, шатэу - г 60, тхъуүэ - г 10, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

● Тхыгъэ кlэщlхэр

## Лъэс лъагъуэ

«Сэ къыстеувэ, ущlегъуэжынкъым, сэ уздэзмышэфын щlыпlэ щылэкъым, - жиlащ лъэс лъагъуэм, зэгуэрым жыжьэ сыкlуэну мурад сщlауэ ди пщlантlэ сыкъыщыдэкlым. Сэ ар згъэщlэгъуащ. «Уа, сыту щхьэщытхъу мы лъэс лъагъуэ цlыкlур! - жысlэрт сигукlэ, абы сытету сыздэкlуэм. - Сэ сщlэркъэ уэ уи кlыхьагъыр здынэсыр - мес мо автобус къэувыlэпlэм сепшэлlэфыну къудейщ».

Арати, гъуэгушхуэм сынос, автобусым сотlысхьэри сожьэ. Абы сешэ гъущl гъуэгу станцым. Мафlэгум сотlысхьэри адэкlэ соклуэ. Сыздэкlуэм, лъэс лъагъуэм и псалъэхэр сигу къокlыжри, согупсыс: «Сыт ар щхьэщытхъуу къыщlысфlэщlар? Пэжщ жиlар абы: щlыпlэ я нэхъ жыжьэ укlуэнуми, япэщlыкlэ узытеувэр пщlантlэм удэзыш лъагъуэр аракъэ?! Абыкlэкъэ къызэрыщlидзэр дэтхэнэ гъуэгушхуэри - жыжьэми гъунэгъуми?! Упсэу, си лъэс лъагъуэ цlыкlу! Уэ узимыlамэ, жыжьэ сынэсыфынт сэ?!»

## Мыlэрысейм и жэуапыр

Зэи зыри къызыпымыкlэ жыгыр мыlэрысэ куэдыщэм зи къудамэхэр кърищlэх мыlэрысейм щlэнакlэрт: «Еплъ абы и нэпсеягъым! Пхуэмыlыгъынум хуэдиз къэпщтауэ щхьэ уи къудамэхэр ебгъэкъутэрэ?! Гъэ къэси аращ къыпщыщlыр. Зэ губзыгъэ щхьэ умыхъурэ?!»

Мыlэрысейм абы щэныфlэу жэуап ирет: «Пэжщ, си къудамэ зытlуи къутащ, яхуэlыгъакъым къапыкlам и хьэлъагъыр. Ауэ ар lуэхукъым, сэ абы сыкъелынщ. Нэхъыщхьэр - къыпыкlа мыlэрысэ куэдым цlыхухэр зэрагъэгуфlэнурщ. Аракъэ атlэ насып жыхуаlэжыр?! Ауэ ар уэ къыбгурыlуэнукъым: уэ игъащlэм зы пхъэщхьэмыщхьэ цlыкlуи къыппыкlакъым, итlани укъысхущlобжэ, насыпыншэ!»

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**.

● Гушыlэ

## Дыгъухэр къызэраубыдар

Лlы гуэрым и мэлыр къадыгъуну щlалитl чэтым щlыхьащ.

Лlым lэуэлъауэ щызэхихым, мыч-мыбжэгъуу башышхуэ къиштэри, lуэм ихьащ. Кlыфlт, зыри илъагъуртэкъым. Мэлыр зейр lуэм къыщихьэм, дыгъухэр чэтым щlэт шхалъэм дэтlысхьэри, заущэхуащ.

Мэлыр зейм lуэр хъурейуэ къикlухьри жиlащ:

- Дыгъуакlуэ си деж къэкlуам, Алыхьым lэмыр ищlауэ, и лъэпхъуамбэшхуэцым хуищlэу сыкъеlащэрэт, нэгъуэщl ещlэну сыхуейтэкъым!

Дыгъуакlуэ къэкlуахэр лъапцlэт.

- Сыту пlэрэ мыр лъэпхъуамбэшхуэцым къеlэну щlыхуейр? Апхуэдизу узу пlэрэ? - жиlэщ зыми, и гъусэм и лъэпхъуамбэшхуэцым къеlащ. Зи лъэпхъуамбэшхуэц къеlар ину кlиящ.

Мэлыр зейр зыхуеиххэр арати, башымкlэ яхэуэурэ дыгъухэр дихужащ.

**КЪАРДЭНГЪУЩl Зырамыку**.

● Жыlэгъуэхэр

## Зымыщlэнуlам сыт щыгъуи и пщэдейщ

♦Гъунэгъуу ди гугъэр зэрыжыжьэ, жыжьэу къытфlэщlыр зэрыгъунэгъу.
♦Дыщыхуэныкъуэм тlэщlэгъупщыкlыр зы зэгуэпыгъуэ, дигу къыщыкlыжым зимычэзууж къыщlедзри - зэгуэпыгъуитl.
♦Зэман блэкlам укlуэцlрыплъыжыфмэ, къэкlуэнур хыболъагъуэ.
♦Зэманым япэ узэрищынури укъызэрыкlэрыхунури пщlэнукъым: гугъур абы екlуу удекlуэкlынращ.
♦Зэхыумыхагъэххэм хуэдэу, игъащlэм пщlэуэ щытахэр пщогъупщэж.
♦Гъащlэм тlэкlу-тlэкlуурэ щытшэчыр зэуэ къыттрилъхьэмэ, дригъэтlысэхынти.
♦Зымыщlэнуlам сыт щыгъуи и пщэдейщ.
♦Зэ къыщlэздзэжащэрэт гъащlэр жызыlэм, къыщlимыдзэххауэ арагъэнущ.
♦Щlыхьыр къэзылэжьым и щхьэкlэ зэзэмызэщ къызэрылъысыр, ауэ и цlэм гува-щlэхами къылъосыж.
♦Кууэ гупсысэм кlэщlу жиlэн къегъуэт.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

# Псалъэзэблэдз



*ЕкlуэкIыу:* **6**. Илъэсым и зы lыхьэ. **7**. Псыежэхым, гуэлым хьэлъэ, цlыху, lэщ зэрызэпраш кхъухь, кхъуэфэжьей лъэгубгъуэ. **8**. Зыгуэрым зэрезауэ, зэреуэ lэмэпсымэ - фо, къамэ, кlэрахъуэ сыт хуэдэхэр. **10**. Хьэ лъэпкъ. **12**. Зи къуэпсхэр щlы щхьэфэм щызэбгрыж къэкlыгъэхэм ящыщу бгъавэу, бгъажьэу пшхы хъу хадэхэкl. **14**. Нэхъыжьхэм къащlэхъуа ныбжьыщlэр, щlалэгъуалэр. **15**. Гъэм и лъэхъэнэ. **16**. Хьэуам щlыпlэ-щlыпlэкlэ зэхуэхуса щыхъу псы бахъэ. **18**. Унэм щызэрахуэ lэщ цlыкlу лъэпкъ. **21**. Нэщlащэм кууүэ ис нэ, апхуэдэ нэ зиlэ. **23**. Псым хэлъу кlуэн, псым щlимылъафэу и гущlыlум телъын. **24**. Мэлым и щlэжьей.

*Къехыу:* **1**. Хадэхэкl зытеса щlыпlэ, нэхъыбэрэ псэупlэм и гъунэгъуу. **2**. lэщыр зыгъэхъу, былымым пэрыт цlыху. **3**. lуданэ зрау, гъущl папцlэ псыгъуэ зэрыдэ. **4**. Адыгэхэм яш лъэпкъыфlхэм языхэз, икъукlэ жэру. **5**. Мэкъу, хьэуазэ сыт хуэдэхэр зэрызэрахьэ lэмэпсымэ. **9**. Хьэуам, пшэхэм хэт электричествэр щызэлъэlэскlэ къэхъур. **11**. Адыгэр зэшмэ, мэупсэ, урысыр зэшмэ, ... (псалъэжь) **12**. Чэтэным къыхэщlыкlа гъущалъэ. **13**. Зи пэр къуаншэ, къырхэм, губгъуэхэм щыпсэу къуалэ, къашыргъэ лъэпкъыгъуэ. **17**. Псэущхьэхэм ятеухуа таурыхъ. **19**. Пщыхьэщхьэм хэкlуэтауэ ящl нэмэз. **20**. Сабийхэр, ныбжьыщlэхэр я анэшхуэм зэреджэ псалъэ. **21**. Хадэхэкl лlэужьыгъуэ. **22**. И шэ ... дадзыжынукъым. (псалъэжь)

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

*Бадзэуэгъуэм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:*

*ЕкlуэкIыу:* **1**. Псатхьэр. **6**. Саут. **7**. lумыл. **8**. Умэ. **9**. Жэпкъ. **11**. Ахъуэхъу. **14**. Вындыржьыч. **15**. Шыкlэ. **16**. Хьэлу. **18**. Гъущэ. **20**. Мысэ. **22**. Губгъуэ. **24**. Сосналы.

*Къехыу:* **1**. Кlэсыж. **2**. Пэу. **3**. Тхьэм. **4**. Рим. **5**. Щолэхъу. **10**. Пщыукl. **12**. Хъурыфэ. **13**. Къып. **15**. Шэмэдж. **17**. Унэlут. **19**. Щыкъун. **21** Сес. **23**. Бжы.



# Гъэгъахэм дахэплъэмэ



**Налшык и «Горзеленхоз» IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм иджы хуэдэ зэманым къалэм и удз гъэгъа гъэкIыпIэхэр япщIэ. Мыгувэу ахэр бжьыхьэ лэжьыгъэхэм пэрыхьэнущ. Ар къэмыс щIыкIэ удз гъэкIыпIэхэр зэщIагъэкъабзэмэ, етIанэгъэ хасэжыну удз жылэхэр нэхъ тыншу къыпыха мэхъу, щIыри бжьыхьэсэм хуагъэхьэзыр.**

ГЪЭМАХУЭМ и кIэм ирихьэлIэу гъуэла гъэгъа лIэужьыгъуэхэр щIыпIэ куэдым къыщрачыжащ. Апхуэдэщ къэрабэ гъуэжьхэр, розэ пасэхэр, н. къ. Иужьрейхэр илъэс зыбжанэ ипэкIэщ къыщытхуахьар. Ахэр уардэщ, дахэщ, ауэ игъащIэ лъандэрэ Урысейм и щIыналъэхэм къадекIуэкIа розэхэм ялъэщIыхьэнукъым я бэшэчагъкIэ. Розэ лIэужьыгъуэщIэхэм уащрохьэлIэ къалэм и къулыкъущIапIэхэм, тыкуэнхэм я бжэIупэхэм. ШыщхьэуIум икухэм щегъэжьауэ абыхэм я нэхъыбэм я пщIащэхэр мэгъуалэ, я гъэгъахэми, япэрей дахагъэр ябгъэдэмылъыжу, фае мэхъу. Псом нэхърэ нэхъ узыхуэмейращи, бадзапцIэ цIыкIунитIэ, иджыпсту дэни щахуэмыгъэкIуэдым, я тIысыпIэ мэхъу, ди щIыналъэм и удзхэм зэращымыщыр нэрылъагъуу.

Ди щIыналъэм и розэхэр хэIэтыкIатэкъым, плъыфэ куэди хъуртэкъым (тхьэмбылыфэ, хужь, плъыжь-фIыцIафэ), иджы дызрихьэлIэ лIэужьыгъуэщIэхэм хуэдэу нэр щызысыкI гъуэжьычи гъуэплъи яхэтакъым. ИтIанэ, ахэр гъагъэрт, япэ уэсыр къытрилъхьэу, уеблэмэ щIы щхьэфэр тещтыкIыху.

- Гуапэкъым апхуэдэ гъэгъа жылэхэр мыдрейхэм хагъэзэрыхьыж зэрыхъуар, - жаIэ куэд щIауэ гъэгъахэм яхэт ныбжь зиIэ лэжьакIуэхэми.

Пасэрей розэхэр нобэ дахащэу щагъэкI ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм, ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамымкIэ щыIэ ихьэпIэм хуэзэу кIуэцIрыкIыу итщ ахэр, япэрей къалэ паркыр уи нэгу зэуэ къыщIагъэхьэу.

Къалэкум узыщрихьэлIэ языныкъуэ удз гъэгъа гъэкIыпIэхэм гъэгъагъэшхуэ (георгинэ) зэмыфэгъухэр итщ. Ахэр япщIащ, зэкъуачащ, хэгъукIахэр къыпачащ, ар зыпщIэхэм зэрыжаIамкIэ, уэс къесыху абыхэм еIусэнукъым, сыт хуэдэ дуней щытыкIэми хъарзынэу зэрезэгъым къыхэкIыу. Ахэр зэ еплъыгъуэкIэ «веселая семейка» гъэгъахэм ибогъэщхь, арщхьэкIэ лъахъшэрыкI ящIа гъэгъагъэшхуэу аращ - Iуву къекIуэкI къапщIийхэмкIэ къыбощIэ. Мыдахэу пхужыIэнкъым ахэри, пасэ зэманым щыIахэм йомыгъапщэмэ: лъэдийупцI хъужауэ абыхэмкIэ ягъэдахэу щытащ къуажэдэсхэм я пщIантIэхэр, хадэ цIыкIухэр.



Гъэгъагъэшхуэ лъахъшэрыкIхэм иджы яхэтщ удз дэжейм и теплъэр зыгъуэтахэр. Абыхэм, дадза нэужь, ягъуэта лъэдий лантIэ къаруунышэхэр зэуэ щIощIэ, щIым хохуэжри, зи щхьэр къыхэзыIэтыкIыжыфхэр къэгъагъэу аращ, дунейр щыуэлбанэрилэм, щхьэ къищIахэм ящыщ куэд щIым хофыхь. Илъэс ипэкIэ ахэр итащ къалэ паркым и клумбэхэм ящыщ зым, ауэ иужькIэ хасэжакъым, пщIэгъуей зэрыхъум къыхэкIыу. ЖыпIэнурамэ, ахэр паркхэм къезэгъ гъэгъауэ щыткъым, къахуигъэщIа теплъэр яIэу унагъуэ пщIантIэхэр ягъэдэхэн хуейуэ арагъэнт. ТIум щыгъуэми, гъэгъа мыдахэ щыIэкъым, я дэтхэнэми нэр ягъэгуфIэ, ди паркхэр, лъэс зекIуапIэхэр ягъэщIэращIэ.

Фэтэр куэду зэхэт унэхэм я бжэIупэхэми ущрохьэлIэ нэхъапэм дымылъэгъуа гъэгъа лIэужьыгъуэщIэхэм: лимон Iэл, алое лIэужьыгъуэхэм, унэ къэкIыгъэу зэгуэр щыта тхьэмпэ къуэлэнхэм, нэгъуэщIхэми. Абыхэм иджыблагъэ къахэхутащ унэм щIамыгъэкIыу щыта гъурмыж (герань) плъыжьыбзэхэр. Ахэри къагъэкIа лIэужьыгъуэщIэщ - теплъэр къэна щхьэкIэ, гъэгъам къыдекIуэкIа мэ гуакIуэр щыуркъым, езыхэри, къыпхуэмыцIыхужыным хуэдизу, инхэщ. Гъэгъарэ пэт ядыдолъагъу, щIыуэпсым езым ихъумэм селекционерхэр хэIэбэкIи, ахэр нэхъыфIи нэхъ дахи зэрахуэмыщIынур.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**• БэнэкIэ хуит**

# Олимп чемпионыр Тимур хегъащIэ

**Владикавказ и «Манеж» спорткомплексым щекIуэкIащ «Зэныбжьэгъугъэм и кубок» дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы текIуэныгъэр къыщихьащ ди лъахэгъу бэнакIуэ цIэрыIуэ БищIо Тимур.**

УРЫСЕЙ бэнакIуэхэм ящыщу килограмм 74-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж зыкъом щIауэ бжьыпэр щызыIэпах адыгэ щIалэ БищIо Тимуррэ Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ Сидаков Заурбэчрэ. Осетин щIалэм ехъулIэныгъэхэр и куэдщ - ар Олимп чемпионщ, дуней псом тIуэнейрэ щытекIуащ. Дыдейм Дунейпсо кубокыр 2019 гъэм къихьащ. А тIум я зэпэщIэтыныгъэм игъэдэхащ Владикавказ щыIа зэхьэзэхуэр. Абы и финалым щызэхуэзат БищIомрэ Сидаковымрэ.

Иужь дакъикъэхэр къэсыху кIэ ахэр ерыщу зэпэщIэтащ. Судьям ар иригъэухыным нэблэгъат БищIом Сидаковыр зэрыхигъэщIа Iуэхугъуэр щигъэзэщIам. Арати, 3:2-уэ Тимур текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ.

Зи гугъу тщIы зэхьэзэхуэм дыжьын медалыр къыщихьащ ЗакIуу Анзор. КIэух зэIущIэм ар 11:0-у щефIэкIащ Ираным къикIа Элахи Эрфан.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

**• Футбол**

# Хэти и гур зэщоуэ, хэти пашэныгъэм хущIокъу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатым и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм щIидзащ. Абы командэхэр ирихьэлIащ гукъыдэж зэхуэмыдэ яIэу.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ бжьыпэр щиIыгъщ иджыри зыми къыхимыгъэщIэфа икIи и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ «Искра»-м очкоищкIэ щхьэщыкIа Псынэдахэ и «Родник»-м. Иужь зэIущIитIым абы и очко бжыгъэм 6 хигъэхъуащ. Шэджэм къикIа «Шэрджэсым» гугъу ехьу текIуамэ, «Акъбащым» ар тыгъэ къыхуищIащ, къызэрымыкIуам къыхэкIыу.

«Искра»-ми апхуэдэ саугъэт къылъигъэсащ «Урыхум». ЯпэщIыкIэ ахэр Лэскэн щIыналъэм щызэIущIати, хьэщIэхэр бжыгъэшхуэкIэ текIуащ. Абы иужькIэ Алътуд щызэхуэзэн хуейти, хъуакъым. Урыхудэсхэм къалъытагъэнщ, я деж къакIуэу къыщыхагъэщIакIэ, кIуэмэ Iисраф къыхалъхьэну. Ар къемызэгъщ икIи спорт зэхьэзэхуэр зыгъэпудщ - Iэмал уиIэхукIэ уныкъуэкъуэн хуейщ.

Зэрылъэщщ «Тэрч» командэри. Малкэ къуажэм щыIэу ар хэгъэрейхэм я гуп лъэщым бжыгъэшхуэкIэ ефIэкIыфащ икIи «Родник»-мрэ «Искра»-мрэ ядэщIыгъуу чемпионыгъэм адэкIи зэрыщIэбэнынум шэч хэлъкъым.

Турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэми щызэрызохьэ. Иужь дыдэу щыт Бахъсэн и «Имран»-р блэкIа зэIущIитIми бжыгъэшхуэкIэ къыщыхагъэщIащ Зеикъуэрэ Налшыкрэ. Абыхэм я закъуэ топ пщыкIущ я гъуэм къызэрыщыдагъэкIар къэплъытэмэ, бахъсэндэсхэм я Iуэхухэр щIагъуащэкъым.

ЩытыкIэ гугъум икIыну хущIокъу «Имран»-м пэмыжыжьэ «Псыгуэнсумрэ» «Дохъушыкъуеймрэ». Турнир таблицэми, щIыналъэкIи зэпэгъунэгъу дыдэ а гупитIым я зэIущIэм старэшэрэджджэсхэр щытекIуащ. Ар Псыгуэнсу къызэрыщыхъуар телъыджэщ, апхуэдэ куэдрэ узэрыримыхьэлIэм къыхэкIыу.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ зэхэта зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: *епщыкIуханэ джэгугъуэ* - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Дохъушыкъуей**» (Старэ Шэрэдж) - **0:2**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Искра**» (Алътуд) - **1:4**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Имран**» (Бахъсэн) - **8:3**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) - **10:1**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - **2:1**, «**Малкэ**» (Малкэ) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:5**.

ЯгъэIэпхъуахэм ящыщу бэрэжьейм зэхэтыжахэр мыпхуэдэу иухащ: «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Имран**» - **5:0**, «**Шагъдий**» - «**Шэрджэс**» - **4:1**. КъищынэмыщIауэ а махуэм «Искра»-м Алътуд къыщригъэблэгъэн хуеящ «Урыхур», «Родник»-р Псынэдахэ щыIущIэну траухуат «Акъбащым». АрщхьэкIэ ахэр зэхэтакъым, къызэрыхэдгъэщащи, нэхъапэIуэкIэ щыIа зэIущIэхэм (щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ) бжыгъэшхуэ дыдэкIэ къыщыхагъэщIа хьэщIэхэр къызэрымыкIуам къыхэкIыу икIи, футбол хабзэм тету, хэгъэрейхэр 3:0-у текIуауэ ятхащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэдэджэгугущ: *нобэ* - «Шэрджэс» - «Псыгуэнсу», «Имран» - «Кэнжэ», «Урыху» - «Спартак-Д», «Тэрч» - «Родник»; пщэдей - «Дохъушыкъуей» - «Шагъдий», «ЛогоВАЗ» - «Ислъэмей», «Акъбащ» - «Малка» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Родник»** | **15** | **14** | **1** | **0** | **60-13** | **43** |
| **2.** | **«Искра»** | **15** | **13** | **1** | **1** | **58-16** | **40** |
| **3.** | **«Тэрч»** | **14** | **11** | **2** | **1** | **36-12** | **35** |
| 4. | «Спартак-Д» | 15 | 7 | 3 | 5 | 42-25 | 24 |
| 5. | «Малка» | 13 | 7 | 3 | 3 | 26-20 | 24 |
| 6. | «Шагъдий» | 16 | 7 | 3 | 6 | 55-39 | 24 |
| 7. | «Кэнжэ» | 14 | 6 | 2 | 6 | 27-33 | 20 |
| 8. | «Ислъэмей» | 14 | 5 | 3 | 6 | 37-36 | 18 |
| 9. | «Урыху» | 15 | 3 | 5 | 7 | 27-44 | 14 |
| 10. | «Шэрджэс» | 15 | 4 | 1 | 10 | 34-53 | 13 |
| 11. | «Акъбащ» | 15 | 3 | 4 | 8 | 27-52 | 13 |
| 12. | «ЛогоВАЗ» | 13 | 3 | 4 | 6 | 17-27 | 13 |
| 13. | «Дохъушыкъуей» | 15 | 3 | 1 | 11 | 20-42 | 10 |
| 14. | «Псыгуэнсу» | 15 | 2 | 4 | 9 | 22-42 | 10 |
| **15.** | **«Имран»** | **16** | **2** | **3** | **11** | **28-62** | **9** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.610 • Заказыр №1691

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А